ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Қарақалпақ тил билими кафедрасы

*О.Т.Сайымбетов, О.Доспанов, Н.О.Сайымбетова*

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ КЛАССИК ШАЙЫРЛАРЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ ТИЛИНДЕГИ АНТРОПОНИМЛЕР СӨЗЛИГИ

*(Оқыў-методикалық қолланба)*

НӨКИС
«БИЛИМ»
2013

www.ziyouz.com kutubxonasi

УОК 821512121 (072)
КБК КБК 74.68.3
С—30

**Қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилиндеги антропонимлер сөзлиги.** Оқыў-методикалық қолланба. Нөкис «Билим», 2013-жыл, 52 бет.

Автор: **О.Т. Сайымбетов,**
**О. Доспанов,**
**Н.О. Сайымбетова**

**УОК 821512121 (072)**
**КБК КБК 74.68.3**
**С—30**

**Оқыў-методикалық қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Илимий-методикалық кеңесиниң қарары (10-январь 2013-жылғы 3-санлы протокол) менен баспадан шығарыўға усынылған.**

Сөзликти дүзиўде қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилиндеги барлық антропонимлик материаллар жеке адам атлары фамилия ҳәм әке атлары (отчество), әдебий лақап, псевдоним (жасырын атлар) лақап ҳәм атақ (титул) атлар системалы түрде пайдаланылды.

Сөзлик мектеп, колледж, лицей оқыўшыларын, жоқары оқыў орынларында оқытылатуғын арнаўлы курс «Қарақалпақ ономастикасы» пәнинен оқып атырған студентлерди оқытыўда ҳәм ономастика тараўы менен шуғылланыўшыларға керекли материал ретинде хызмет етеди.

Жуўаплы редактор:

*М. Худайбергенов* — Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети қарақалпақ тил билими кафедрасының профессоры, филология илимлериниң докторы.

Пикир билдириўшилер:

1. *Ш.Абдиназимов* — Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети қарақалпақ тил билими кафедрасының профессоры, филология илимлериниң докторы.
2. *Д.Сейдуллаева* — Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ тил кафедрасының доценти, филология илимлериниң кандидаты.
3. *Г.Патуллаева* — Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ тил кафедрасының доценти, филология илимлериниң кандидаты.

**ISBN 978-9943-4183-7-0**
**© «Билим» баспасы, 2013**

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КИРИСИЎ

Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тилин изертлеў мәселеси өткен әсирдиң 70-80-жылларынан баслап қолға алынып, бул бағдарда бир қанша илимий мақалалар, диссертация жумыслары ҳәм монографиялар баспадан шығарылды. Д.Сейтов «Язык каракалпакских поэтов XVIII-XIX вв» (Жийен жыраў, Кунжоджа, Бердаха и Ажинияза (АКД Алма-ата, 1971, 28-б) деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады ҳәм оның «XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырларының шығармаларының тили» (Нөкис, 1989) деп аталған мийнети баспадан шықты. Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тилин үйрениў буннан кейин де даўам еттирилип, ондағы фонетикалық, лексикалық морфологиялық өзгешеликлер бойынша кең көлемде материаллар топланып, «Қарақалпақ әдебияты классик шығармаларының тили» (Нөкис, «Билим», 1995) деп аталған илимий монографиялық изертлеў жумысы баспада жәрияланды. Соның менен бирге классик шайырларымыздың тили бойынша соңғы ўақытлары Ш.Абдиназимов «Бердақ шығармаларының тили» (Нөкис, 2001) деген темада докторлық, Г.Е.Қарлыбаева «Әжинияз шығармалары тилиниң фонетикалық-морфологиялық сыпатламасы» (Нөкис, 2002) деген темада кандидатлық диссертация жақлады ҳәм өзлериниң темаларына байланыслы бир қанша монографиялық мийнетлерин, мақалаларын баспадан шығарды.

Қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилин изертлеў мәселеси әдеўир жолға қойылғаны менен олардың шығармаларындағы меншикли атлар елеге шекем өзиниң илимий-изертлеў айланысына түспеди. Усыған байланыслы биз классик шайырларымыздың шығармаларындағы антропонимлерге тийисли материалларды жыйнап, олардың сөзлигин дүзиўди жобаластырдық.

**Ономастика** (грекше сөз болып, ***«ат қойыў өнери»*** деген мәнини аңлатады) меншикли атлар ҳаққында илим болатуғын болса, антропономика грекше ***«адам аты, исми»*** деген мәнини аңлатып, адам атларын изертлейтуғын илим. Оның изертлеў объектине жеке адам аты, фамилиясы, әкесиниң аты, атақ (титул) аты, жасырын (псевдоним) аты, әдебий лақап, лақап аты қулласы адамға байланыслы болған барлық атлар киреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзликке қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармаларындағы барлық ерлер ҳәм ҳаял-қызлар исимлерин, фамилияларды, әке атларын (отчество), әдебий лақаплар ҳәм лақапларды, атақ атларды азы-көпшилигине қарамай жайғастырады. Гейпара исимлерди шайырлар жасаған дәўирге байланыслы ҳәм жасаў орнына байланыслы ҳәр қыйлы адамларға тийисли болғанлықтан оларды қатар тәртип пенен тәкирарлап бериўди мақул көрдик. Бул нәрсе ҳәр бир исимниң қәлиплесиў дәўиринен, раўажланыўы ҳәм қолланылыўы өзгешеликлеринен дерек береди.

Мысалы:

Аманбай I – Бириси **Аманбай,** Сейит, Қалмурат (А.2.39)

Аманбай II — **Аманбай** жаўға шапқанда (Ж.1.19)

Аманбай III – Ҳеш көрмедим **Аманбайдай** мақаўды (О.2.104)

Аманбай IV – Жасыбайдан **Аманбайға** Он еки ата болған екен (Б.3.67)

Әбдибек — **Әбдибектиң** көлге қарап қашқаны (А.2.70, ҳ.т.б.)

Мысалларда көргенимиздей, Аманбай исми көпшилик шайырлардың шығармаларында ҳәр қыйлы дәўирлерде, ҳәр қыйлы жасаў орнына байланыслы бөлек-бөлек адамларға қойылған, ал Әбдибек исми тек бир жерде Аяпберген Мусаевтың шығармаларында ғана ушырасатуғынлығын көремиз. Бул нәрсе бизге Аманбай исминиң қарақалпақлар тарийхында жийи, ал Әбдибек исминиң сийрек қолланылатуғынлығынан да дерек береди.

Соның менен бирге тарийхта белгили орынға ийе болған гейпара атақлы адамларға ҳәм атақ (титул) атларға түсиник берилди.

*Мысалы:* Асан I – Бухара ханы тәрепинен өлтирилген қарақалпақтың бийи. Ол XVIII әсирдиң ортасында қарақалпақлардың Бухара ханына қарсы көтерилис баслаған Амангелди батырдың заманласы. Асан аталық болғанда (Б.1. 220) Асан II Асан Бегимов (1907-1958). Қосық қарақалпақтың белгили жазыўшысы, өзбекстан Республикасына мийнети сиңген көркем-өнер ғайраткери Асан Бегимовқа арналған.

Мундың кетер болсақ **Асанжан** иним,

Яна қайтыб келгенинше аман бол (А.2.43) ҳ.т.б.

**Аталық** – Беглер бегиге бағыныўшы бийден жоқары болып оның қараўында бир неше бий болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нияздың уғлыдүр Ораз
Ол аталық болған екен (Б.2.164).

Әлбетте, биз сөзликке барлық антропонимлерди жыйнадық ҳәм оларға түсиник бере алдық деген ойдан аўлақпыз, айырым атлар нәзеремизден тысқарыда қалып қойған болыўы да мүмкин. Сонлықтан биз оларды сөзликтиң келеси басылымларында толықтырып барамыз деп ойлаймыз.

Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларындағы антропонимлер сөзлиги қарақалпақ әдебий тили тарийхын ҳәм қарақалпақ этнографиясын үйрениўде үлкен әҳмийетке ийе. Келешекте қарақалпақ тилиниң тарийхы ҳәм ономастикасы бойынша илимий-изертлеў жумысларын алып барыўшыларға пайдасы тийеди деп ойлаймыз. Сондай-ақ, мектеп, лицей, колледж оқыўшыларын ҳәм жоқары оқыў орынларын ҳәм жоқары оқыў орынларында «Қарақалпақ ономастикасы» пәнин оқытыўда колланба ретинде хызмет етеди деген үмиттемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# АНТРОПОНИМИЯ

## ЖЕКЕ АДАМ АТЛАРЫ

### а) Ер адам атлары

- А -

**Абдулла I** – Мәмбеттиң уғлы Есенгелди,

Соңы **Абдулла** болған екен (Б. 3. 63).

**Абдулла II** – Бири Шамшетдийин **Абдулла** улы (А. 2. 81).

**Абылғазы I** – Қәдирберген, Садық ҳәм **Абылғазы** (Ә. 1. 62).

**Абылғазы II** – Китап ашып **Абылғазы** (А. 2. 102).

**Абылла** – Омар шайырдың заманласы. Қосықта шайыр Абылланы халық атынан болыслыққа усынады.

**Абылланың** минген аты буўрылды (О. 2. 46).

**Айдар** – Шежиреде Жәнибек ханның улы деп көрсетиледи. Қ. Жәнибек.

Жәнибек уғлы **Айдар**, Әлибек (Б. 2. 162).

**Айдос** – XIX әсирдиң басында Хийўа ханына көтерилис жасаған, 1827-жылы Хийўа ханы тәрепинен өлтирилген қарақалпақтың бийи.

Ҳажыгелди уғлы Султан,

Андин **Айдос**, Майбас туўған (Б. 2. 164)

**Айеке** – **Айеке** менен Муртаза,

Шерип өтти мудам ҳазба (Б. 2. 138).

**Аймурат** – Ол **Аймурат**, өтеп қара

Сениң менен жора Мурап (А. 2. 46).

**Аймурза** – Аннақул, **Аймурза**, Сүйин орысы (Ә. 1. 117).

**Айтан** – **Айтанның** Айтымбет атлы баласы (О. 2. 75).

**Айтымбай** – Оннан соңғысы **Айтымбай**,

Улы өтеген болған екен (Б. 1. 206).

**Айтымбет** – Айтанның **Айтымбет** атлы баласы (О. 2. 75).

**Айым** – **Айымнан** Бердибек, Хожай,

Есенбек пенен Мырзатай (Б. 1. 206).

**Ақәдил** – Әлибектиң уғлы **Ақәдил** (Б. 2. 162).

**Аққабай** – Бул қалай болды **Аққабай** (О. 2. 108).

**Ақмамыт** – Сол заманда **Ақмамыттың** қутырып (А. 2. 158).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Актаў** — Батыр болсаң бол **Актаўдай** (Б. 3. 63).
**Аллакул** — 1825 — 1842-жыллар арасында Хийўаға хан болған.
Ўәлийдур ол **Аллакул** хан (Б. 1. 210).
**Алламберген** — Бири **Алламберген** Әлимбет улы (А. 2. 81).
**Алламурат I** — Атаң **Алламурат** панар (Ѳ. 2. 34).
**Алламурат II** — Төребай, **Алламурат**,
Қурбан менен Султанмурат (А. 2. 113).
**Алламурат III** — Иним **Алламурат**, үкем Қалмурат (А. 2. 42).
**Алланазар** — **Алланазар** салған қырын (А. 2. 80).
**Алланғор** — Үлкен болып **Алланғор** бәрқулла өтти (Ѳ. 2. 96).
**Аллаияз I** — Өтеп бақсы **Аллаияз** (Б. 2. 137).
**Аллаияз II** — Лалаўлап қайтарған **Аллаияз** маңқа (О. 2. 104).
**Алласугир** — Жатқаным **Алласугир** үйи, руўы Әждар (Ә. 1. 85).
**Аллаш** — Ибрайым, **Аллашың** жайғанға мегзер (Б. 2. 139).
**Аллаяр I** — Аллаяр Досназаров — 1924—1925-жыллары РКП (б) Қарақалпақстан обкомының секретары болған.
Уғлы Досназардың **Аллахияры** (А. 2. 37).
**Аллаяр II** — Генжебайдың андазасы усайды,
Баяғы **Аллаяр** гереӊ ахунға (А. 2. 68).
**Алпамыс** — «Алпамыс» дәстанының қаҳарманы
Едиге менен **Алпамыс.**
Тирилсе мен излер едим (Б. 2. 40).
**Алым** — Иззетлерсең **Алым** келсе (Б. 1. 239).
**Аманбай I** — Бириси **Аманбай**, Сейит, Қалмурат (А. 2. 39).
**Аманбай II** — **Аманбай** жаўға шапқанда (Ж. 1. 19).
**Аманбай III** — Ҳеш көрмедим **Аманбайдай** «мақаў»ды (О. 2. 104).
**Аманбай IV** — Кел **Аманбай**, Сорасалы (Б. 2. 89).
**Аманбай V** — Жасыбайдан **Аманбайға**
Он еки ата болған екен (Б. 3. 67).
**Амангелди** — XVIII әсирдиң ортасында қарақалпақлардың Бухара ханына қарсы көтерилисин баслаған қарақалпақ батыры.
Келсе бабасын билиңиз,
Журт ағасы **Амангелди** (Б. 1. 220).
**Аманқул** — Молла ғайып **Аманқулды** излейип (А. 2. 116).
**Аннақул I** — **Аннақулдың** қолы шолақ (О. 2. 113).
**Аннақул II** — **Аннақул**, Аймурза, Сүйин орысы (Ә. 1. 117).
**Аннақул III** - Бәршә қарақалпақ үш мың үй,
Балғалыдан **Аннақул бий** (Б. 3. 65).
**Арзы** — **Арзы** аталық деген беглери бардур (Ә. 1. 62).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Арзы** қосқа адам қосты (Б. 2. 126).

**Арзыбек** — «Ағажан»! — деп сорап барды **Арзыбек** (О. 2. 105).

**Арзыў** — Сапар, Мырза, **Арзыў**, Еримбет қыйпаң (Б. 2. 45).

**Артық I** — **Артық** бийи, Шамурат йәнә Қарлыбай (Ә. 1. 62).

**Артық II** — **Артық**, Арыс, йолдаш болып,
Қурт ойынын салған екен (Б. 3. 65).

**Арын Мырза** — **Арын Мырзадур** кишиси (Б. 3. 64).

**Арыс** — Артық, **Арыс**, йолдаш болып,
Қурт ойынын салған екен (Б. 3. 65).

**Арыслан I** — Көрдим ол **Арыслан** султанны — гүллән қазақның ағасы (Ә. 1. 83).

**Арыслан II** — Гүресип Қалмәмбет **Арысланды** жығып (Ө. 2. 95).

**Арысланбек** — Қәҳәрленип **Арысланбек** (Ж. 1. 32).

**Асан I** — Бухара ханы тәрепинен өлтирилген қарақалпақтың бийи. Ол XVIII әсирдиң ортасында қарақалпақлардың Бухара ханына қарсы көтерилис баслаған Амангелди батырдың замандасы.

**Асан** аталық болғанда (Б. 1. 220).

**Асан II** — Асан Бегимов (1907—1958). Қосық қарақалпақтың белгили жазыўшысы, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген көркем-өнер ғайраткери Асан Бегимовқа арналған.

Мундын кетер болсаң **Асанжан** иним,
Яна қайтып келгенинше аман бол (А. 2. 43).

**Асанәлий** — Бириси **Асанәлий** бай (Б. 1. 62).

**Асқар** — Жер сарайын **Асқар** байдан (Б. 1. 163).

**Аспандияр** — 1910—1918-жыллар арасында Хийўа ханлығын басқарған.

Буннан кейин **Аспандияр** хан болды (А. 2. 49).

**Атабай** — **Атабайдың** мәкан еткен жери екен (О. 2. 98)

**Атақай** — Жуман, Шонқара, **Атақай**,
Жуман бийден туўған екен (Б. I. 163).

**Атамурат** — Қыят ағайиннен **Атамурат** иним (О. 2. 166).

**Аташ** — **Аташ**, Мәтьяқублар көкнар ишисип (А. 2. 83).

**Аяпберген** — Шайыр Аяпберген Муўсаев (1880 — 1936).

Атым **Аяпберген**, қырқ төртте жасым,
Молла Муўса, жоқдур қардашым (А. 2. 40).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Әбдибек** — **Әбдибектиң** көлге қарап қашқаны (А. 2. 70).

**Әбдижаббар** — **Әбдижаббар** дегеннниң өзи ер еди (О. 2. 46).

**Әбдижәмил** — **Әбдижәмилдиң** уғлы өлди (К. 2. 24).

**Әбдимурат I** — **Әбдимурат** қазы хатларын жазар (О. 2. 46).

**Әбдимурат II** — Тәрийп етсем **Әбдимурат** балғалы (А. 2. 157).

**Әбдираман** — Әбдираман Өтепов (1904—1934) — қарақалпақ әдебиятындағы тунғыш драматург.

Әдиўли инимсең **Әбдираманжан**

**Әбдирахман** — Бирадарым **Әбдирахман**,

Бийкар даўран сүргениңиз (А. 2. 83).

**Әбдихалық I** — **Әбдихалықжан** бизлерге,

Ҳал сорасып турагөрсин (М. А. 2. 82).

**Әбил** — Атасы **Әбил** кәтқуда молла Тәжидур ағасы (Ә. 1. 81).

**Әбиў I** — Бул Ибрайым, **Әбиў** бола баслады (А. 2. 38).

**Әбиў II** — **Әбиў** бала елде қалған басшымыз (О. 2. 41).

**Әбиўбәкир** - Әбиўбәкир 632-634 жыллар арасында пайғамбардың жолын даўам еттирген биринши шәряр (саҳаба).

Гүл йүзлери шәмсиў-камар,

**Әбиўбәкир**, ҳәзирет Омар (Б. 3. 56).

**Әдийна** — Сәрсаннан **Әдийна** туўған,

Әдийнадан аталық болған (Б. 2. 64).

**Әдил** — Әдил өзиниң аты, қалмақ қоңырат руўының бир тийреси. 1873-жылы ақсақаллық ҳәмелге жетискен қарақалпақтың бийи.

Тәрийп етсем **Әдил** қалмақ (Б. 2. 175).

**Әжен** — Мушына түкирип мурты ҳәррийген,

**Әжен**, Тәжен деген бийи бар екен (А. 2. 63).

**Әжибай** — **Әжибай** ағам азықсыздан өлгендей (А . 2. 129).

**Әжимурат** — Меннен бетер **Әжимурат** жаўрады (О. 2. 19).

**Әжинияз** — Шайыр Әжинияз Қосыбай улы (1824—1878).

Еситтим **Әжиниязтың** сөзин (Б. 2. 32).

**Әзберген** — Россиядан қашып келген қазақ феодалы, 1855—1856-жыллардағы Ерназар Алакөздиң басшылығындағы қарақалпақлар менен қазақлардың халық азатлығы ушын болған көтерилисин бастырыўға қатнасқан.

Баян етсем аты оның **Әзберген** (Б. 1. 129).

**Әйтеке** — **Әйтекедей** ләўзелери бар екен (О. 2117).

**Әкбар** — Ислам хожа болды, ўәзири **Әкбар** (А. 2. 49).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Әлибек** — Шежиреде Жәнибекханның улы деп көрсетиледи.

Жәнибак уғлы Ҳайдар, **Әлибек,**

Уғлы екки болған екен (Б. 2. 162).

**Әлий I** — Ҳәлийлилла **Әлий** хан,

Бул да сендей болған жоқ (Ж. 1. 27).

**Әлий II** — 656—661-жыллар арасында Мухаммед пайғамбардың жолын даўам еттирген төртинши шәряр.

Осман, **Әлий** төрт шәряр,

Пайғамбардың яраны екен (Б. 3. 56).

**Әлимбай** — Жумып пышықтай көзлерди,

**Әлимбайың** сықмар екен (Б. 1. 179).

**Әлимбет** — Бири Алламберген **Әлимбет** улы (А. 2. 81).

**Әлийшер** — Уллы өзбек шайыры ҳәм көркем-өнер ғайраткери Әлийшер Наўайы (1441—1501).

Мир **Әлийшер**, Жийреншеге тақаббил (А. 2. 89).

**Әмет** — Хожектиң баласы Палўан ҳәм **Әмет** (Б. 1. 157).

**Әметбай** — Дәўлетиң зыят **Әметбай** (Б. 1. 95).

**Әмийин** — **Әмийин** сәрдардың жеринде (Ж. 1. 26).

**Әнис** — Шежиреде ҳәм аңыз-әңгимелерде қазақлардың бабасы деп көрсетиледи.

**Әнис**, Мәлик екки киси,

Пайғамбардың саҳабасы (Б. 2. 41)

**Әўез I** — Ағамыз **Әўез** бий, кәтқуда Самурат (Ә. 1. 161)

**Әўез II** — Көшир деп **Әўезге** пәрман қылдылар (Б. 1. 318)

**Әўез III** — Әўез инақ 1790—1804-жыллары Хийўа ханлығын басқарған. 1770- 1790-жыллары Хийўа ханлығын басқарған Мухаммед Әмин Инақтың баласы.

Мәдеми уғлы **Әўез** инақ (Б. 3. 64).

**Әўлатдийин** — **Әўлатдийин**, Нуратдийин сизлер ҳәм бизлер (ө. 2. 15).

**Әфлатун** — Платон (б.э.ш. 427—347-ж.ж.) — әййемги грек философы. Өткен Әрасту, Әфлатун (Б. 2. 41).

## - Б -

**Бабаш** — Баба хан Ташкентти ийелеген (XVI әсирдиң ақыры) Ташкент ханы Наўрыз Ахмедтиң баласы.

Сорап өткен **Бабаш** хан (Ж. 1. 27).

**Базар** — Сарыбайдың уғлы Бәдекбай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Базар** ғулпақ болған екен (Б. 2. 164).

**Байәдил** — Әлибектиң уғлы Ақәдил,
Йәне бириси **Байәдил** (Б. 2. 162).

**Байбахты** — Мен аралап көрмишәм **Байбахты**, Қәдир сыйық (Ә. 1. 83).

**Байбосын** — **Байбосынның** бир таўығын тартыпты (Ә. 1. 90).

**Байжан** — **Байжан**, Жумат болған екен (Б. 3. 63).

**Байхазы** — Қазақтың бийи, соңынан болыс болған (XIX әсир) Бердақтың «Еркебай» поэмасындағы Еркебайдың күйеў баласы.
Жумақай, **Байхазы** деген бийи бар (Б. 1. 305).

**Байлан** — **Байлан** батыр болған екен (Б. 3. 62).

**Байлепес** — **Байлепестиң** Хансулыўы кетипти (А. 2. 110).

**Баймәмбет** — Мүйтенниң **Баймәмбет** пирлери барды (Б. 2.134).

**Байман** — Батырлыққа **Байманды** айт (Б. 1. 248).

**Баймурат** — **Баймурат** бай йәне Боранбай (Б. 3. 63).

**Байнияз** — XIX әсирдиң екинши ярымында Шымбай районының аймағында жасаған қарақалпақтың атақлы бақсыларының бири. Ол Ақымбет бақсының шәкирти болған.
Бақсыға жүйрик **Байнияз** (Б. 2. 137).

**Байтурсын** — Қазақ ақыны қыз Меңештиң әкеси Қ. Меңеш.
Қызыман **Байтурсынның** атым Меңеш (Ә. 1. 208).

**Байым** — **Байымнан** Сүйин, Сеңгирбай (Б. 3. 62).

**Барақ** — Қазақлардың орта жүзиниң султаны (XVIII әсир). Ол 1748-жылы Абилхайыр ханды өлтиреди.
Асаўды айтпа, **Барақты** айт (Б. 1. 248).

**Баспай** — Соңы **Баспай** болған екен (Б. 2. 166).

**Бахрам** — «Бахрам-Гүландам» дәстанының қаҳарманы.
Мысалы **Бахрам**-Гүландам (Ө. 2. 49).

**Бәдекбай** — Сарыбайдың уғлы **Бәдекбай** (Б. 2. 164).

**Бәзирген** — «Гөруғлы» дәстанының қаҳарманы.
**Бәзирген** өтти дүньядан (Б. 2. 32).

**Бәўетдийн** — Мөр услаған **Бәўетдийн** (Б. 2. 47).

**Бегалы** — Қоңыраттан **Бегалы** туўды (Б. 1. 115).

**Бегис** — Айдос бийдиң иниси, Қ. Айдос.
**Бегис**, Мыржық батырды,
Өлтирмеге Хийўа хан,
Бир талай ой ойлады (Б. 1. 251).

**Бегман** — **Бегман** улы жорам келди (Б. 1. 109).

**Бекан** — Барып келип жүрди **Бекан** (А. 2. 155)



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Бекбосын** — Ахун **Бекбосынға** берген түңлиги,
Енинен төрт қарыс кемирек келди (А. 2. 67).
**Бекиш** — Сени алған мынаў турған **Бекиш** болса (Ә. 1. 212).
**Бекмурза** — Атасыдур **Бекмурза** ийшан,
Ҳасла ҳуқықын бере гөрмең (А. 2. 45).
**Бекназар** — **Бекназар** беклик етти,
Палаў асып мийнет етти (Б. 1. 121).
**Бекнияз** — Дурысберген ҳәм **Бекнияз**,
Саз — сөзинде нәтийже аз (Б. 2. 138).
**Бекпан** — **Бекпан** мүйтенниң байы еди (О. 2. 109).
**Бекполат** — Қазақбай, **Бекполат** ерди,
Соңы Баспай болған екен (Б. 2. 166).

**Бердақ** — Қарақалпақтың классик шайыры Бердақ **Ғарғабай** улы (1827—1900). Толық аты Бердимурат.

Бердимурат — халықты, халық — **Бердақты**,
Жалғызындай көрер жаннан жақсырақ (Б. 2. 45).
**Бердеке** — Қ. Бердақ.
**Бердекең** айтар күйгеннен (Б. 2. 127).
**Бердиәлий** — Меңлибайдан **Бердиәлий** бар. (Б. 2. 166)
**Бердибек** — Айманнан **Бердибек**, Хожай (Б. 1. 206).
**Бердимурат** — Қ. Бердақ.
**Бердимурат** Бердақ болды (Б. 2. 27).
**Бердияр** — Болмасын **Бердияр** көзиңнен ғайып (О. 2. 82).
**Берпияз** — Зар әйледи Оспан менен **Бернияз** (А. 2164)
**Бесим** — Байәдилден **Бесим** болды,
Бесим бийден бес ул болды (Б. 3. 63)
**Бийхә** — Еки уғлы ҳасыл болды,
Ол **Бийҳә**, Бекполат екен (Б. 3. 63)
**Бийсенбай** — **Бийсенбай** жедиң ҳақымды (О. 2. 38)
**Боран** — Ҳаслы қәндеклидур **Боран** саўдагер (А. 2. 81)
**Боранбай** — Баймурат бай йәне **Боранбай** (Б. 3. 63)

**Бөденетай** — «Шежиреде» Шыңғысханның иниси деп көрсетиледи

Тамаўылдан бир ул болды,
**Бөденетай** болған екен (Б. 2. 154)
**Бөдинжар** — **Бөдинжар** билән Қағынжар,
Шалжыўыты яне ҳәм бар (Б. 3. 61)
**Бөлек** — Мәмбетқулдың үш уғлы бар,
Манақ, **Бөлек**, бири Қошқар (Б. 2. 166)



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Бухар** — Бири Түркмен, бири **Бухар**,
Ол Әўез бий болған екен (Б. 3. 63)

**Бүргилтай** — «Шежиреде» Шыңғыс ханнның иниси деп көрсетиледи.

Қыз тағы да бир ул туўды,
Ол **Бүргултай** болған екен (Б. 1. 198)

**Бүркитбай** — Аштан қалды мынаў жетим **Бүркитбай** (О. 2. 111)

## - Г -

**Генжебай** — **Генжебайдың** андазасы усайды,
Баяғы Аллаяр гереҳ ахунға (А. 2. 68).

**Гөруғлы** — «Гөруғлы» дәстанының қаҳарманы.
Бири-биринен кем емес.
**Гөруғлыдай** болған екен (Б. 3. 63).

**Гөруғлыбек** — Қ. Гөруғлы.
**Гөруғлыбек** киби ерлер бардур (Ә. 1. 61).

**Гришка** — Бай баласы **Гришкада** ақша көп (О. 2. 82).

**Гүжек** — Қоңыраттың **Гүжектей** палўаны барды (Ә.1 33).

**Гүлим I** — Байымнан Сүйин, Сеңгирбай,
**Гүлим**, Еркинбай, Жарқынбай (Б. 3. 62).

**Гүлим II** — Ол да болыс бола алмады **Гүлим** бий (О. 2. 46).

## - Ғ -

**Ғайып** - Хийўа ханы (1747—1757).
**Ғайып** Хийўаға хан болды,
Қоразбек ҳәм султан болды (Б. 1. 210).

**Ғарға** — Қ. Ғарғабай.
Атым Бердақ, әкем **Ғарға**,
Сөз келеди зордан зорға (Б. 1. 154).

**Ғарғабай** — Қарақалпак классик шайыры Бердақтың әкеси. Шайырдың шығармаларында Ғарға деген ат пенен де гезлеседи.

Жайлаўым Батпақ көл, әкем **Ғарғабай**,
Әлпешлеп өсирди урысып ғарғамай (Б. 1. 220).

**Ғәний** — Бай болсаң бол **Ғәний** байдай (Б. 3. 63).

**Ғәрип** — «Ғәрип ашық» дәстанының қаҳарманы.
**Ғәрип** ашық Шасәнемдей (Ө. 2. 48).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## - Д -

**Даңқы** – Бир зайыптан **Даңқы** болды,
Андин Қысағағу туғды (Б. 3. 62).

**Дауыт** – Мусылманлардың диний қуран китапларында сыйқырлы, көзи ашық, пайғамбар сыпатында көрсетиледи.
Темирши ҳәзирети **Дауыт** сеҳрин бер (Б. 2. 101).

**Дәнияр** – Шамурат ўәлләми **Дәнияр**,
Барып көрди Амангелди (Б. 1. 221).

**Дәўим** – Мәмбетназар **Дәўим** уғлы (А. 2. 102).

**Дәўлет** – Жазы менен қыз кәлепти **Дәўлетти** (А. 2. 71).

**Дәўлетияр** – **Дәўлетияр** шәшмесинен суў ишип (А. 2. 124).

**Дәўмен** — Әмет улы **Дәўмен** келди (Б. 1. 110).

**Досан I** – Дос хан. Бухара ханы (XVI әсир).
Сорап өтти **Досан** хан (Ж. 1. 27).

**Досан II** – Нағадайдың уғлы **Досан**,
**Досан** батыр болған екен (Б. 3. 64).

**Досан III** – **Досан** бала қара ешекке мингенде (А. 2. 72).

**Досберген** – Шайыр Аяпберген Мусаевтиң аўыллас досты.
**Досбергенниң** май дегени торақты (А. 2. 157).

**Досжан** – Шешең Турсынбийке, әкең **Досжанды** (О. 2. 43).

**Досмухаммед** – Келди **Досмухаммед** саған Бийбиайша (О. 2. 58).

**Досназар I** – Аллаяр Досназаровтың әкеси Қ. Аллаяр I.
Уғлы **Досназардың** Аллаҳияры (А. 2. 37).

**Досназар II** – Хош қалыңлар, **Досназар** (О. 2. 88).

**Доспан** – Молла **Доспан** деген қуўларым барды (О. 2. 88).

**Досхожан** – Келип түстик **Досхожанның** үйине (А. 2. 149).

**Досым** – **Досым** аўсар бабаң сениң (Б. 2. 125).

**Досымқул** – Бай болсаң бол Ғәний байдай,
Досан батыр, **Досымқулдай** (Б. 3. 63).

**Дош** – **Дошның** қызы Разия қыз болып (А. 2. 140).

**Дурысберген** – **Дурысберген** ҳәм Бегнияз.
Саз – сөзинде нәтийже аз (Б. 2. 138).

**Дурыстолыбай** — Қараўыл уғлы **Дурыстолыбай**,
Байлан батыр болған екен (Б. 3. 62).

**Дүйсен** — Өлтир көк ийтинди **Дүйсен** кәндекли (Ә. 1. 58).

**Дүйсенбай** – Жетинши иниси **Дүйсенбай** молла (Б. 1. 304).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Еденбай I** – Бай болып **Еденбай** оған не берди (О. 2. 18).

**Еденбай II** – **Еденбай** сөзге көп уста (Б. 2. 138).

**Едиге** – Едиге (1352—1419) – Ақ орданың хәмири, Қаратаў аймағындағы Қумкент қаласын бийлеген Маңғыт руўынан шыққан Қутлы Қабаның баласы. 1396—1411-жыллары Алтын Орданың ханы Темир Қутлық болғаны менен, оның ҳақыйқый әмири Едиге болды.

**Едил** – Ҳайдардан **Едил**, Жанәдил,
Ол ҳәм екки болған екен (Б. 2. 162).

**Елбарыс** — Шул ўақ ханы **Елбарыс** хан,
Шыңғыс әўлады сахрадан (Б. 3. 64).

**Елиўбай** — **Елиўбайжан** қуўып кетти (А. 2. 162).

**Елмурат I** — Анаў жүргени **Елмурат** (Б. 2. 47).

**Елмурат II** – Ерте турып ай көрдиң бе?
Апаланлама **Елмурат** (А. 2. 67).

**Елтай** – Жантелди бабаң жаўлатпай,
Аның уғлы Ҳайдар, **Елтай** (Б. 3. 63).

**Елтезер** – Елтезер Мухаммед 1802—1806-жыллары Хийўа ханы болған
**Елтезер** хан, Қутлымурат инақ,
Әўез инақның туўғаны екен (Б. 1. 210).

**Ералы** – Қазақлардың киши жүзиниң султаны, 1725—1747-жыллары қазақтың киши жүзин басқарған Абылқайыр ханның баласы.
Қазақта өтти **Ералы** (Ж. 1. 27).

**Ердарап** – Жәмшит, Сулайман, **Ердарап**.
Султан Махмуд ел сорап (Ж. 1. 26).

**Ережеп I** – XIX әсирде Шымбайдың шығыс тәрепинде жасаған қыпшақлардың бийи болған адам. Ҳәзир ол аўыл «Жәдик» деп аталады. Аўылға жақын жайласқан «Ережеп тентек» деген қойымшылық бар. Халық Ережеп бийди «Ережеп тентек», «сыншы бий» деген лақапта айтып жүрген
**Ережеп** сыншыңыз киси таныйды (Б. 2. 139).

**Ережеп II** – Шылғаўы шашақлы **Ережеп** бала (А. 2. 66).

**Ереке** – **Ереке** байдың аўылын (Ж. 1. 77).

**Ерим I** — Сүйиндик уғлы **Ерим** бий (Б. 3. 63).

**Ерим II** – молла **Ерим** сен оқығыл ашыпки Зийўар дәптерин (Ә. 1. 84).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Еримбет I** – Сапар, Мырза, Арзыў, **Еримбет** қыйпаң (Б. 2. 45).

**Еримбет II** – Жолдасымның аты еди **Еримбет** (О. 2. 86).

**Еркебай** – Қусхана таўын жайлаған қазақтың көшпели байы болған адам.

**Еркебай** бий деген бир бай болыпты (Б. 1. 304).

**Еркинбай** — Байымнан Сүйин, Сеңгирбай,
Гүлим, **Еркинбай**, Жарқынбай (Б. 3. 62).

**Ермәмбет I** – **Ермәмбат** бий болған екен (Б. 3. 63).

**Ермәмбат II** – Артық бийи, Шамурат йәнә Қарлыбай,
Қалмәмбет, **Ермәмбет**, Ҳәсен, Абылай. (Ә. 1. 62).

**Ермекбай** – Бәлки алсақ **Ермекбайды** (О. 2. 17).

**Ермухан** – «Берме» деди **Ермухандай** жүўрмек (О. 2. 105).

**Ерназар** — Қолдаўлы руўынан шыққан қарақалпақтың бийи. Халық оны Ерназар алакөз, Ерназар қолдаўлы деп те атайды. Хийўа ханына қарсы халық азатлығы ушын гүреседи. Айырым қарақалпақ бийлери Хийўа ханына сатылып, Ерназар бийди 1856-жылы өлтиртеди.

**Ерназар** бий немереси,
Ол қушбеги болған екен (Б. 2. 165).

**Есберген I** – Бизиң менен мәслик қурған,
**Есбергеним** оқып берсин (А. 2. 59).

**Есберген II** – **Есбергенди** жаўша шаппай,
Өлейин деп жатқан басым (Б. 1. 326).

**Есемурат** – Районның **Есемурат** мурабы,
Қапшыға салдылар күшти яранлар (А. 2. 57).

**Есен** – **Есен**, Түўелбек, Полаттай,
Қайсы батыр болған екен (Б. 2. 166).

**Есенбай** – Бизлерди еситип келди **Есенбай** (А. 2. 82).

**Есенбек** – **Есенбек** пенен Мырзатай (Б. 1. 206).

**Есенгелди** – Қарақалпақтың қоңырат руўы Жаңадәрьядан Хорезмге көшкенде елди баслап келген қарақалпақтың бийи, соңынан мәхрем дәрежесине көтериледи.

Оннан туўды **Есенгелди**,
Және бири Султан екен (Б. 1. 205).

**Есет** – Зарлаттың **Есет** гереңди (Б. 2. 127).

**Есқалий** – Жаманлар билмейди жақсының парқын,
**Шижаат** бабына қәдир **Есқалий** (А. 2. 48).

**Есмәмбет** – Ҳәр түрли баҳана табар **Есмәмбет** (А. 2. 76).

**Есполат** – Набатнияз, **Есполаттың** йошқаны (А. 2. 70).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Естай** — Бабасыдур бий Нағадай,
Досан батыр, батыр **Естай** (Б. 3.64).

**Ешимбет I** — Жаңа дәуирге дейин жасаған бай адам. Сапарбай Қәллибек улы деген жетим бала усы Ешимбет байға суўшы жүрген. Суўшының аўыр аўҳалын көрген Аяпберген усы қосықты жазған.

**Ешимбетке** суўшы журдим бәҳәрден (А. 2. 94).

**Ешимбет II** — 1930-жыллары **«Шөлкем» колхозына** баслық болған адам

**Ешимбет** Ниязов «Шөлкемниң» басы,
Өмир саркәтиби, Рафик йолдашы (А. 2. 57).

**Ешмурат I** — **Ешмурат** бул сөзди айтайын саңа (А. 2. 156).

**Ешмурат II** — **Ешмурат** жай жағыңнан не қылдың (Ө. 2. 38).

**Есжан** — Қарабас уғлы **Есжан**, Нияз (Б. 3. 62).

## - Ж -

**Жаббар** — Еркинниң бойынан Мәтеке, **Жаббар** (Б. 1. 313).

**Жайылған** — «Шежире» бойынша қарақалпақлардың Қоңырат руўының бабасы, ураны.

**Жайылған** Майқы бий түпки сағамыз (А. 2. 39).

**Жанай I** — Жәнибек хан ҳәм **Жанай** хан (Б. 3. 61).

**Жанай II** — **Жанай** менен баслап Жәлменбай бәдбақ (А. 2.96).

**Жанәдил** — Ҳайдардан Едил, **Жанәдил.**
Ол ҳәм екки болған екен (Б. 2162).

**Жангелди** — Оннан Хангелди, **Жангелди** (Б. 2. 164).

**Жанғазы** — **Жанғазы** ханды қылышлап,
Сойқаң салды Ерназар бий (Б. 2. 195).

**Жанқай** — Ғайып батыр билән **Жанқай** (Б. 2. 167).

**Жанназар** — **Жанназар** ҳәм таза шыққан қосшымыз (О. 2. 41).

**Жанузақ** — **Жанузақ**, Хожақул, бири Ырзатай,
Бир атадан төрт ер туўды яранлар (А. 2. 126).

**Жареке** — Бир тилла алды **Жареке** ағам пайына (Б. 1. 320).

**Жарқынбай** — **Жарқынбай** иниси бул да қасында (Б. 1. 304).

**Жармәмбет** — Қоянбайдан Жыл, **Жармәмбет**,
Қайыр қылсаң қылма миннет (Б. 3. 63).

**Жасыбай** — Қарамойын **Жасыбайға** (Б. 3. 63).

**Жаўлатбай** — Жангелди бабаң **Жаўлатбай**,
Аның уғлы Ҳайдар, Елтай (Б. 3. 63).

**Жәлал** — Орымбет, Нурымбет, **Жәлал**, Сүлайман (Б. 2. 45).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Жәлмен** – Қәлмен, **Жәлмен** бизге қарамай кетип (Ә. 1. 160).
**Жәлменбай** – Жанай менен баслап **Жәлменбай** бәдбақ (А. 2.96).
**Жәмет** – Боранбай улы **Жәметсең**,
Қый көтерген себетсең (Б. 2. 143).
**Жәмшит I** – **Жәмшит**, Сулайман, Ердарап,
Султан Махмуд ел сорап (Ж. 1. 26)
**Жәмшит II** – **Жәмшиттиң** әребек сырғасын алып (А. 2. 69).
**Жәнибек** – 1342—1357-жылларда Алтын орда ханы болған.
**Жәнибек** хан ҳәм Жанай хан (Б. 3. 61).
**Жәримбет** – Малын урлап **Жәримбеттиң** (О. 2. 102).
**Жийемурат I** – **Жийемурат** таң атқанша аңлапты (О. 2. 82).
**Жийемурат II** – **Жийемурат** сениң менен едим дос (К. 2. 37).
**Жийемурат III** – Он алты жасар **Жийемурат** (Б. 1. 327).
**Жийен I** – Қарақалпақ шайыры ҳәм жыраўы Жийен Аманлық улы (XVIII әсир)
Мениң атым **Жийенди** (Ж. 1. 11).
**Жийен II** – Он бешинде уллы болды,
Аның атын **Жийен** қойды (Б. 2. 147).
**Жийенбай** – Иркилместен ҳеш жерде,
**Жийенбайға** барады (Б. 1. 253).
**Жийренше** – Алтын Орда ханы Жәнибак ханның тусында жасаған шешен тилли адам (XIV әсирдиң орталары).
Мир Әлийшер, **Жийреншеге** тақаббил (А. 2. 89).
**Жоллыбай** – Ишиндеги **Жоллыбайы** мүсәпир (О. 2. 105).
**Жолымбай** – Байланның улы **Жолымбай** (Б. 1. 206).
**Жумақай I** – Тәрийп етсем **Жумақайның** еллерин (А. 2. 62).
**Жумақай II** – **Жумақай**, Байҳазы деген бийи бар (Б. 1. 305).
**Жуман** – **Жуман** байден туўған екен (Б. 2. 166).
**Жуманияз** – **Жуманияз**, Қурбан бақсы,
Айтқан жерде түйе басты (Б. 2. 137).
**Жумат** – Байжан, **Жумат** болған екен (Б. 3. 63).
**Жумаш** – **Жумаштың** кеўили бизде бар болса (А. 2. 69).
**Жүсип I** – **Жүсип** бий менен үшеўи (Б. 2. 200).
**Жүсип II** – Әкеңниң жолдасы **Жүсип** (ө. 2. 42).
**Жыл** – Қоянбайдан **Жыл**, Жармәмбет (Б. 3. 63).
**Жылҳафыз** – **Жылҳафыз** улы Турхожа (Б. 3. 63).
**Жылқышы** – Халық аңыз-әңгимелеринде жылқы пири Жылқышы ата деп айтылып жүрген қыялый ат.
Жылқы пири **Жылқышы** ата (К. 2. 32).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Зарлық** — 1855-жылы Ерназар алакөздиң усынысы менен қарақалпақларға хан болған.

Хан етти **Зарлық** төреңди (Б. 2. 198).

**Зәхәрия** — 1926—1927-жылларда Қоңырат округине караслы Соркөл волосты, 3-аўыл кеңеси баслығы, волосттың орынбасары ҳәм жер бөлип бериўши комиссияның баслығы болып ислеген.

Пайың бермей ақсақалыў, болысқа

Күшиң менен орын алдың **Зәҳәрия.**

**Зәңги** — Халық аңыз-әңгимелеринде малдың пири Зәңги баба деп айтылып жүрген қыялый ат.

Малдың пири **Зәңги** баба (К. 2. 32).

**Зәриў** — Хызметкер қул, аты **Зәриў** (Б. 2. 237).

**Зулқарнайын** — Александр Македонский (б.э.ш 356—323) дүньяның ири мәмлекет басшыларының бири. Македония патшасы (336—323) Филипп II ниң улы, Аристотельдиң шәкирти. Орта әсир шығыс әдебиятында Искендер Зулқарнайын аты менен кең тарқалған.

Искендер **Зулқарнайын** киби дәўранлы (Ә. 1. 61).

- И -

**Ибрайым I** — **Ибрайым**, Аллашың шайтанға мегзер (Б. 2. 139).

**Ибрайым II** — Тәрийп етсем **Ибрайым** мен сени (А. 2. 70).

**Изим** — Жаңа дәўирден бурын жасаған бай адам.

Неше жыл **Изимге** қопардың томар (О. 2. 18).

**Изимбет I** — Молла **Изимбетлер** бизде, Көкөзек (Ө. 2. 25).

**Изимбет II** — Бир неше сухбәт ушын **Изимбетин** берсин бизге (Ә. 1. 201)

**Ийбадулла** — **Ийбадулла** ағамыздың,

Еки қызлары бардур (А. 2. 163).

**Ийбақ** — **Ийбақ**, Сайбек, Шегир — қуйрық-қанатың (А. 2. 55).

**Ильяс** — Пайғамбар аты.

Бурында **Ильяс** өтти (Ө. 2. 20).

**Искендер I** — Қ. Зулқарнайын.

Өтти патша **Искендер** (Ж. 1. 26).

**Искендер II** — Ырзаның уғлы **Искендер** (Б. 2. 165).

**Ислам** — **Ислам** хожа болды, ўәзири Әкбар (А. 2. 49).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Исмайыл I** — Ўақ жолында қурбан болды **Исмайыл** (Ә. 1. 75).

**Исмайыл II** — **Исмайыл** билән Толғанайдың,

Қултай баба болған екен (Б. 3. 63).

**Исмамыт** — **Исмамыттың** жалғыз қызы (Б. 1. 115).

**Исрапыл** — Диний китапларда самал, даўыл турғызыўшы периште деп түсиндирилетуғын қыялый ат.

Қәне маған **Исрапылдың** сүтин бер (Б. 2. 101).

## - К -

**Камал I** — Терис қайтқан молла **Камал** (О. 2. 114).

**Камал II** — Қырғый киби **Камал** келди (Б. 1. 109).

**Камал III** — Миймапы бекбосын, молла **Камалы** (А. 2. 55).

**Карам** — Моллалар атын қойып **Карам** (Ө. 1.148).

**Кәлан** — өзин ҳәммеден илгери,

Есаплаған **Кәлан** уста (Б. 2. 141).

**Кәмил** — Камал улы **Кәмил** келди (Б. 1. 110).

**Кәрим** — Ер **Кәрим** сөзинен өлди байланып (Ө. 2. 93).

**Кәримберген** — **Кәримберген** гөне нусқа (Б. 2. 138).

**Келияр** — Хожамжар билан **Келияр** (Б. 3. 62).

**Келмәмбет I** — Қалмамбет, **Келмәмбет** болса келгендей (А. 2. 129).

**Келмәмбет II** — **Келмәмбетниң** уғлы Матай (Б. 3. 63).

**Кене** — Шежире бойынша қарақалпақтың кенегес руўының бабасы

**Кене** тентекдур иниси (Б. 2. 150).

**Көптилеў** — Көптилеў Нурмухаммедов — 1932-жыллары Қарақалпақстан АССР Советиниң Орайлық Атқарыў Комитетиниң баслығы болып ислеген.

**Көптилеў** — жаслардан, Қуўат партия (А. 2. 39).

**Күнхожа** — Шайыр Күнхожа Ибрайым улы (1799—1880).

**Күнхожаны** көрди көзим (Б. 2. 32).

**Күшимқулбай** — Қулеке суўпы **Күшимқулбай** (Б. 3. 63).

## - Қ -

**Қабыл I** — Ескек тартып аў сап **Қабыл** (Ө. 2. 50).

**Қабыл II** — 1862—1863-жыллары беглер беги атағына ийе болған Қоңырат арысының бийи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Қабыл** Беглер беги беглери бардур (Ә. 1. 62).
**Қағынжар** – Бөдинжар билән **Қағынжар** (Б. 3. 61).
**Қазақбай I** – Қырққа келгенде **Қазақбай** (А. 2. 45).
**Қазақбай II** – **Қазақбай**, Бекполат ерди (Б. 2. 166).
**Қазыбек** – Баяғы қәлендер **Қазыбек** усап (А. 2. 72).
**Қалжан I** – Бунының үш ешкиси түсти **Қалжанға** (Б. 1. 308).
**Қалжан II** – Көлге қаш, **Қалжан**, көлге қаш (А. 2. 110).
**Қали** – **Қалиды** айтпа Қанайды айт (Б. 1. 249).
**Қалқаман** – **Қалқаман** билән Мүлкаман,
Ол Хожайдың зүрияды екен (Б. 2. 165).
**Қалмәмбет I** – **Қалмәмбет** бий болған екен (Б. 2. 63).
**Қалмәмбет II** – **Қалмәмбет**, Ермәмбет, Ҳәсен, Абылай (Ә. 1. 62).
**Қалмәмбет III** – **Қалмәмбет**, Келмәмбет болса келгендей (А. 2. 129).
**Қалмәмбет IV** – Оның шаўлығы еди **Қалмәмбет** батыр (Ө. 2. 95).
**Қалмурат I** – Иним Алламурат, үкем **Қалмурат** (А. 2. 42).
**Қалмурат II** – **Қалмураттың** сазы уят (Б. 2. 137).
**Қанай** – Қалийди айтпа, **Қанайды** айт (Б. 1. 249).
**Қаңлы** – Шежире ҳәм аңыз-әңгимелерде қарақалпақтың «Қаңлы» руўын Қаңлы деген устаның атына байланыстырады.
Шунда **Қаңлы** уста болды (Б. 2. 161).
**Қарабай** – **Қарабай** елши киятыр (Б. 1. 252).
**Қарабас** – Сүйир батыр, **Қарабас**, Нуртай (Б. 3. 63).
**Қарабек** – Нағадай улы **Қарабек** (Б. 2. 162).
**Қарақул** – Қәллибек, **Қарақул** екки иниси (Ә. 1. 117).
**Қарамырза** – **Қарамырза** батырды айт (Ж. 1.18).
**Қарасыйрақ** – Шежиреде қарақалпақтың «қарасыйрақ» урыўының бабасы
**Қарасыйрақ** ҳәм Қалқаман (Б. 2. 165).
**Қараўылбай** – Ақәдил улы Якшыбай,
Қудайберген, **Қараўылбай** (Б. 2. 166).
**Қарлыбай** – Артық бийи, Шамурат йәнә **Қарлыбай** (Ә. 1. 62).
**Қарун** – диний китапларда ҳәм аңыз-әңгимелерде көп мал-дүньяға ийе болған сықмар, зықна, бай адам, оны сол сықмарлығы себепли жер жутып кеткен деп көрсетиледи.
**Қарун** дүньяда не көрди?
Дүнья соңы ўайран екен (Б. 2. 111).
**Қәдир I** – Болысын алсын деп берди **Қәдирге** (Б. 1. 319).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Қәдир II** – Мен аралап көрмишәм Байбахты улы **Қәдир** **сыйық** (Ә. 1. 83)
**Қәдирбай** — Күнде азап көрдиң ғой **Қәдирбайдан** (Ө. 2. 82).
**Қәдирберген** – Төремурат бийиў, Сапарниязы,
**Қәдирберген**, Садық ҳәм Абылғазы (Ә. 1. 62).
**Қәдиримбет** – Бердақ шайырдың шәкирти, бақсы болған.
**Қәдиримбет** шәкиртим, атым Бердимурат (Б. 2. 58).
**Қәдирқул** – Қожай, **Қәдирқул**, Жуман (Б. 2. 165).
**Қәлекбай** — **Қәлекбайдай** болған бар ма? (А. 2. 153).
**Қәлендер** – Искендер уғлы **Қәлендер** (Б. 2. 165).
**Қәлимбет** – Ана соңғы бир қосшымыз **Қәлимбет** (О. 2. 41).
**Қәллибек I** – Аның уғлы Жәнибек, **Қәллибек** (Б. 2. 162).
**Қәллибек II** — **Қәллибек**, Қарақул еки иниси (Ә. 1. 117).
**Қәлмен** — **Қәлмен**, Жәлмен бизге қарамай кетип (Ә. 1. 160).
**Қәлменбай** — **Қәлменбайдың** қызы молла Набийра (Ә. 1. 203).
**Қәндекли** – Шежире бойынша Қәндекли руўының бабасы.
**Қәндекли** деп атын қойды (Б. 1. 232).
**Қожай** – Ол **Қожайдың** зүрияды екен (Б. 2. 165).
**Қожақҳафыз** - Қараўыл уғлы Дурыстолыбай, **Қожақҳафыз**, Жәрменбет бай (Б. 3. 63).
**Қожбан** – Сорасаң елимди **Қожбан** бизлерден (Ә. 1. 32).
**Қоңырат** – Шежире бойынша Қоңырат руўының бабасы.
Майқыдан туўып айрылған,
Ол **Қоңыраттың** туўғаны екен (Б. 2. 148).
**Қоңыратбай** – **Қоңыратбай** исполкомға сайланды (А. 2. 39).
**Қораз** – Молла **Қораз** дегенди (Б. 1. 299).
**Қоразбек** – **Қоразбекке** сарпай керек (Б. 1. 96).
**Қосназар** – Қандай қорғаўшы еди **Қосназар** елди (Ө. 2. 86).
**Қосым I** – **Қосым** қарақшы нөкериң (Б. 2. 126).
**Қосым II** — Әкең еди **Қосым** қақпас (Ө. 2. 36).
**Қосымбет I** – **Қосымбет** таз арба айдаған (Б. 2. 83).
**Қосымбет II** – **Қосымбет** ийшанға бир сәлем (А. 2. 68).
**Қошай** – **Қошай** «союз», Турдымурат – малия (А. 2. 39).
**Қошқар** – Мәмбетқулдың үш уғлы бар,
Мамақ, Бөлек, бири **Қошқар** (Б. 2. 166).
**Қошназар** – **Қошназар** билән Нуртай болып,
Қазақ пенен шабысқан екен (Б. 3. 67).
**Қошымбет** – Қыс күнинде **Қошымбет** ҳан келгенде (А. 2. 86).
**Қоянбай** – **Қоянбайдан**, Жыл, Жармәмбет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайыр қылсаң қылма миннет (Б. 3. 63).
**Кудайберген I** — Ақәдил уғлы Яқшыбай,
**Кудайберген**, Қараўылбай (Б. 2. 166).
**Кудайберген II** — Бир тийгени **Кудайберген** қыятты (А. 2. 71).
**Кудайберди** — **Кудайберди** етим қалды (Б. 2. 165).
**Кудияр I** — Ағам менен **Кудияр** бир жүреди (Б. 1. 111).
**Кудияр II** — Ушекеңниң **Кудияры**,
Бул дүньяға келди кетти (А. 2. 66).
**Кулеке** — **Кулеке** суўпы Күшимқулбай.
Бәршени яратты қудай (Б. 3. 63).
**Кулен** — Қарақалпақлардың қандекли руўының байы, Шымбай уездиниң Таллық волостлығына болыс болып сайланыўға ерискен.
Хәм мақтап **Кулен** болысты (Б. 2. 31).
**Кулжаман** — Батыр болсаң бол Ақтаўдай,
**Кулжаман** қазы Хажыбай (Б. 3. 63).
**Кулжан** — Қалбек уғлы **Кулжан**, Толыбек.
Ол хәм екки болған екен (Б. 2. 163).
**Кулман I** — Опырықты айтпа, **Кулманды** айт (Б. 1. 249).
**Кулман II** — Нәлет болсын **Кулман** байға,
Тең көрмеген хәмеллерди (Б. 1. 174).
**Кулмәмбет** — **Кулмәмбеттиң** сөзи уят (Б. 2. 137).
**Кулмурат II** — Анаў отырыпты **Кулмурат**, Муўса (Б. 2. 45).
**Кулпейис** — «Устазым» деп **Кулпейиске** (А. 2. 74).
**Култай** — **Култай** баба болған екен (Б. 3. 63).
**Кулым** — Сениң әкең **Кулым** жаман (Б. 2113).
**Кулымбет I** — Анаў отыр **Кулымбет** бай (Б. 2. 47).
**Кулымбет II** — **Кулымбет** пенен Тынымдай,
Қайда болса жүргениңиз (А. 2. 86).
**Курбан I** — Бердақ шайырдың ақлығы Қаражан бақсының устазы.
Жуманияз, **Курбан** бақсы,
Айтқан жерде түйе басты (Б. 2137).
**Курбан II** — Аяғың диңкилдеп жүрген **Курбансаң** (О. 2. 116).
**Курбан III** — Деген халда **Курбан** келди яранлар (А. 2. 93).
**Курбан IV** - Шәкирти **Курбанды** көрдим (Ө. 2. 20).
**Курбанбай I** - Дуўай сәлем, **Курбанбайға** (О. 2. 107).
**Курбанбай II** — **Курбанбайың** арық мурап (А. 2. 80).
**Курбанбек** — Турхожа уғлы Базар бий,
Кудайберди, **Курбанбек** бий (Б. 3. 63).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Қурбанияз** — Жүзи қара **Қурбаниязың** (А. 2.117).

**Қутлымурат I** — Елтезер инақ, **Қутлымурат** инақ,
Әўез инақның туўғаны екен (Б. 3. 64).

**Қутлымурат II** — **Қутлымурат**, Серек деген,
Хеш нәрсеге керекпеген (Б. 2. 137).

**Қутлымурат III** — Беглер тәрийпин етсем **Қутлымуратты** (А. 2. 90).

**Қуўаныш** — Қурбанбек уғлы **Қуўаныш** бий.
Қалмәмбет бий болған екен (Б. 3. 63).

**Қуўат** — Көптилеў — жаслардан, **Қуўат** партия (А. 2. 39).

**Қызыр Ильяс** — Аңыз-әңгимелерде батырлар сыйынатуғын кәраматлы адам.
Үш батырдың жылаўында,
**Қызыр Ильяс** болған екен (Б. 3. 65).

**Қысағаў** — Бир зайыптан Даңқы болды,
Андин **Қысағаў** туғды (Б. 3. 62).

**Қытайбек** — Шежиреде Қытай руўының бабасы деп көрсетиледи.
Сәрназдан туўды **Қытайбек** (Б. 2. 148).

**Қыят** — Шежире бойынша Қыят руўының бабасы.
Бир зайыптан еки ул болған,
Мүйтен билән **Қыят** туўған (Б. 2. 149).

## - Л -

**Лепесбай** — Болыс болды ағаң сениң **Лепесбай** (О. 2. 79).

**Луқман** — Аңыз-әңгимелерде данышпан, билимли адам болған.
Көрейин **Луқманның** узақ өмирин бер (Б. 2. 101).
**Луқманымды** излер едим (Б. 2. 40).

## - М -

**Майбас** — Шежиреде Султанның улы Айдос пенен туўысқан деп көрсетиледи
Ҳажыгелди уғлы Султан,
Андин Айдос, **Майбас** туўған (Б. 2. 164).

**Майқы** — Шежире ҳәм аңыз-әңгимелерде қарақалпақтың бабасы.
Жайылған, **Майқы** бий түпки сағамыз (А. 2. 39).

**Майшы** — Оннан **Майшы** болған екен (Б. 2. 164).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мақтымқулы** — Түркмен шайыры Мақтымқулы (1730—1782).
**Мақтымқулы** — Мағрибтен үлгилер алып (Ө. 2. 96).
**Мамай** — Ноғайлы дәўиринде өмир сүрген батыр (XIV әсир). «Орақ — Мамай» дәстанының қаҳарманы.
Орақты айтпа, **Мамайды** айт (Б. 1. 249).
**Мамыр** — Оразбай, **Мамыр**, бий Шалысбай,
Алты ата болған екен (Б. 2. 172).
**Мамыт** — Молла **Мамыт** деген беглер бардур (Ә. 1. 61).
**Манақ** — Мәмбетқулдың үш уғлы бар,
**Манақ**, Бөлек, бири Қошқар (Б. 2. 166).
**Манаўбай** — Зар гирян болып **Манаўбай** жүр (Ө. 2. 31).
**Маңғыт** — Шежире бойынша қарақалпақтың маңғыт руўының бабасы.
Кенениң **Маңғыт** ағасы (Б. 2. 150).
**Марқабай** — Бириси **Марқабай**, бири Сейитмурат (А. 2. 39).
**Матай** — Келмәмбеттиң уғлы **Матай**,
Ермәмбет бий болған екен (Б. 3. 63).
**Махмуд I** — Қолдаўлы урыўының бийи Мамыт. Ол 1855—1856-жыллардағы халық азатлығы ушын болған көтерилисти бастырыўға қатнасқан. Сол себепли, ол 1859-жылы аталық дәрежесине көтериледи.
**Махмуд** аталық, Турым бий (Б. 1. 206).
**Махмуд II** — 998—1030-жыллары Ғазналылар мәмлекетин басқарған Махмуд Ғазналы.
Султан **Махмуд** ел сорап (Ж. 1. 26).
**Мәжийт** — Муқаш уғлы **Мәжийт** халқының соты,
Кеңес заңын беккем тута баслады (А. 2. 40).
**Мәжнүн** — Жақын Шығыс ҳәм Орта Азия халқына кең таралған «Ләйли ҳәм Мәжнүн» ертегиниң қаҳарманы.
Ләйли-**Мәжнүн** ҳүр янлыды (Ө. 2. 47).
**Мәдәли** — **Мәдәли** қулдан бетерсең (А. 2. 101).
**Мәдемин I** — Мухаммед Амин Инақ. Ол 1770—1790-ж.ж. Хийўа ханлығын басқарған.
Болды **Мәдемин** инақ,
Инақ боп минди алтын тақ (Б. 1. 131).
**Мәдемин II** — Молла Зийўар билән молла **Мәдемин** (Ә. 1. 116).
**Мәдрейим I** — Мухаммед Рахимхан 1806—1825-жыллары Хийўа ханлығын басқарған.
**Мәдрейим** ханды билермисең? (К. 2. 34)



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мәдрейим II** — Сейид Мухаммед Рахим 1864—1910-жыллары Хийўа ханлығын басқарған.
Әўел атаң **Мәдрейим** хан болды (А. 2. 106).
**Мәдрейим III** — Ережеп пенен **Мәдрейим.**
Кеўлине түсип бир қыял (Б. 1. 269).
**Мәдрейим IV** — **Мәдрейим** болдың шора (А. 2. 76).
**Мәлик** — Шежире бойынша қарақалпақлардың бабасы.
Әнес, **Мәлик** екки киси.
Пайғамбардың сахабасы (Б. 2. 147).
**Мәмбет I** — Акылы **Мәмбети**, Шайықназары,
Алардың саўашын көрген Есқалий (А. 2. 50).
**Мәмбет II** — Молла **Мәмбет** суўпы болды (Б. 1. 181).
**Мәмбет III** — Әкең **Мәмбет** әжелинен өлмеди (О. 2. 116).
**Мәмбетбай** — Ашыўланып **Мәмбетбайдың** баласы (А. 2. 98).
**Мәмбетәзиз** — Жуўабын бер **Мәмбетәзиз** (А. 2. 164).
**Мәмбетқул** — **Мәмбетқулдың** үш уғлы бар (Б. 2. 166).
**Мәмбетназар** — **Мәмбетназар** өзи кетти жылағып (А. 2. 111).
**Мәмбетулла** — **Мәмбетулла** жаным қозым (А. 2. 158).
**Мәнибай** — Карамойын Жасыбайға,
Андын соңыра **Мәнибайға** (Б. 3. 67).
**Мәтеке** — Еркиниң бойынан **Мәтеке**, Жаббар (Б. 1.313).
**Мәтен** — Шайыр Аяпберген Муўсаевтиң заманласы.
Аспаныў-заминниң асты қапылып,
**Мәтен** жыртық шайыр болған емес пе? (А. 2. 59)
**Мәтяқып** — Аташ, **Мәтяқыплар** көкнар ишисип (А. 2. 83).
**Меңли бай** — Йәне бириси **Меңлибай** (Б. 2. 164).
**Меңлибай** — Оның иниси **Меңлибай** (Б. 1. 206).
**Мирайдар** — Әмирдиң аты Музаппар,
Ҳәм Тахир хан, **Мирайдар** (Б. 2. 186).
**Мойнақ** — Бири **Мойнақ** болып кете баслады (А. 2. 39).
**Молдабай** — Аталан айрықша туўған **Молдабай** (Б. 1. 304).
**Музаппар I** — Бухара әмири (XIX әсир).
Әмирдиң аты **Музаппар** (Б. 2. 186).
**Музаппар II** — Қызыл бастың ханы — шахы **Музаппар** (А. 2. 124)
**Мукаш** — **Муқаш** уғлы Мәжийт халқының соты (А. 2. 40).
**Муртаза** — Айеке менен **Муртаза**,
Шертип өтти мудам казба (Б. 2. 138).
**Муўса I** — Шайыр Аяпбергенниң әкеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам молла **Муўса**, жоқдур қардашым (А.2. 40).

**Муўса II** -- Анаў отырыпты Қулмурат **Муўса** (Б. 2. 45).

**Муўса III** – Сыбай қонсы қылдың **Муўса** сақаўды (О. 2. 104).

**Мухаммед** – VI—VII әсирлерде Араб мәмлекетиниң Мекка хәм Медина деген калаларында жасаған. Ислам дининиң тийкарын салған адам. Диний китапларда пайғамбар деп түсиндириледи.

Үмметлерин аямады **Мухаммед** (О. 2.41).

**Мухаммеднияз** – Шайыр Әжинияз Қосыбай улының иниси.

**Мухаммеднияз**, Шанияз еки инимә (Ә. 1. 178).

**Мухаммедрейим I** – Қ. Мәдрейим II.

Хорезмде **Мухаммедрейим** хан еди (А. 2.49).

**Мухаммедрейим II** – Қ. Мәдрейим I.

Андын соң **Мухаммедрейим** хан (Б. 3. 64).

**Мүйтен** – Шежире бойынша қарақалпақтың Мүйтен руўының бабасы.

Бир зағыйыптан еки ул болған,

**Мүйтен** билән Қыят туўған (Б. 2. 149).

**Мулкаман** – Қалкаман билән **Мулкаман**,

Ол Хожайлың зүрияды екен (Б. 2165).

**Мыржық** – Айдос бийдиң иниси

Байлап берип **Мыржық** пенен Бегисти (Ө. 2. 87).

**Мырза** – Сапар, **Мырза**, Арзыў, Еримбет қыйпаң (Б. 2. 45).

**Мырзамурат** – Қызға жаўшы **Мырзамураттың**,

Пайманасы толған екен (Б. 1. 327).

**Мырзатай** – Есенбек пенен **Мырзатай**, Айымнан Бердибек, Хожай (Б. 1. 206).

## - Н -

**Набатнияз** – **Набатнияз** Есполаттың йошқаны, (А. 2.70).

**Нағадай** — Шежире бойынша Қоңырат руўының бабасы.

**Нағадай** бий йурт ағасы,

Жумлә Қоңыраттың бабасы (Б. 2. 161).

Түп бабаңыз **Нағадайды** (Б. 2. 90).

**Нағметулла** – Шайыр Әжинияз Қосыбай улының баласы.

**Нағметулла** Хүрзаданы умытпа (Ә. 1. 167).

**Найзабай** – Бердақ шайырдың әкеси Ғарғабай менен туўысқан адам.

Ғарғабай, **Найзабай** әкеннин аты (Ө. 2. 84).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Нәдиршах** – 1740-жылы Ираннан келип Хийўаға хан болған адам.

Қызыл бас **Нәдиршах** келди,

Шах келип Хийўаны алды (Б. 3. 64).

**Нәжим** – Молла **Нәжим** недур ойың (А. 2. 79).

**Николай** – **Николай** Александрович Романов Россияның ең соңғы императоры (1868—1918).

**Нияз I** — Әкең **Нияз** еди доңыздан семиз (О. 2. 35).

**Нияз II** – Нияздың уғлыдур Ораз (Ө. 2. 19).

Қарабас уғлы Ешжан, **Нияз** (Б. 3. 62).

**Нияз III** – Бизлерден артық па билгениң **Нияз** (А. 2. 103).

**Ниязбек** – Мусылманнан сайлап бардың **Ниязбек** (О. 2. 82).

**Ноғай** – Аңыз әңгимелерде қарақалпақлардың атасы, қарақалпақ, ноғай екеўи туўысқан деп қаралады.

Ҳаслы қарақалпақ, атасы **Ноғай** (А. 2. 126).

**Нурабылла** — Әкең **Нурабылла** бир ғәрип бенде (А. 2. 103).

**Нуратдийин** — Аўлатдийин, **Нуратдийин** сизлер ҳәм бизлер (Ө. 2. 15).

**Нурғалый** – бу салемди язмышамол **Нурғалий** ашнамызға (Ә. 1. 201).

**Нуржан** – Алып барып еки қаўын,

Бир қатынға берген **Нуржан** (А. 2. 85).

**Нурлыбай** – Төренияз бий және ҳәким **Нурлыбай.**

Бели ақ пышақлы беглери бардур (Ә. 1. 62).

**Нурмурат** – **Нурмураттан** бәлки ҳайўан жақсырақ (Б. 2. 44).

**Нуртай** – Ерте де өткен ер **Нуртай** (Ж. 1. 19).

**Нурым** – Сары сақаллы молла **Нурым** (Ө. 2. 20).

**Нурымбет I** – Орымбет, **Нурымбет**, Жәлал, Сулайман (Б. 2. 45).

**Нурымбет II** – Сонда турып бул **Нурымбет** (Ө. 2. 50).

**Нуўеке** – Нуратдийин деген аттың қысқарған түри.

**Нуўекеңе** нәўбет жетти (Ө. 1. 148).

**Нызан** – Меннен әзиз еди қарағым **Нызан** (О. 2. 19).

**Нысан** – Қырқ беске **Нысан** қазақтан.

Ат алып минген Қалмурат (А. 2. 147).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Оймаўыт** — **Оймаўыт** билән Орынбай,
Нуратдийин соң болған екен (Б. 3. 67).
**Ойсыл** — Түйениң пири. Пириңиздур **Ойсыл** қара (К. 2. 32).
**Омар I** — қарақалпақ шайыры Омар Сугиримбет улы (1879-1922).
Бул дүньяға шықтың не көрдиң Омар (О. 2. 18)
**Омар II** — 634—644-жыллары Ислам динин раўажландырған екинши шәрьяр
Гул йүзлери шәмсүў-кәмар,
Әбиўбәкир хәзирети **Омар** (Б. 3. 56).
Сыйынып **Омар** Оспанға,
Аяқ баспаң хеш ойланбай (Б. 1. 387).
**Ораз I** — 1855—1856-жыллардағы Ерназар алакөз басқарған халық азатлығы ушын болған көтерилисти бастырыўға қатнасқан. Усы хызмети ушын аталық деген атаққа ийе болған.
Нияздың уғлыдур **Ораз**,
Ол аталық болған екен (Б. 2. 164).
**Ораз II** — Ел намысын шеккен **Ораз** ағамыз,
Уллы журттан хабар тута баслады (А. 2. 39).
**Оразай** — **Оразай**, Мамыр бий Шалысбай,
Алты ата болған екен (Б. 2. 172).
**Оразбай I** — Ҳақысын бермей **Оразбайдың** (Ө. 2. 31).
**Оразбай II** — Тәрийпиң айтайын сениң **Оразбай** (А. 2. 46).
**Оразымбет** — **Оразымбет** бийшараны,
Наҳақтан сөгип, боқладың (А. 2. 105).
**Орақ** — Ноғайлы дәўиринде өмир сүрген батыр (XIV әсир) «Орак Мамай» дәстанының қаҳарманы.
**Орақты** айтпа, Мамайды айт (Б. 1. 249).
**Орақбай** — 1926-жылы Қоңырат округине қараслы Соркөл волостлығына сайланған адам.
Ағаң Әбдираман, болыс **Орақбай**,
Үмид билән қалды, иним аман бол (А. 2. 44).
**Ормамбет** — Ормамбет бий (XVI әсир) — Ноғайлылар дәўиринде (XIV—XVI әсирлер) жасаған нәсияттөй, кәтқуда адам болған.
**Ормамбет** бий нәсийҳәтин шығарып жазған (Ө. 2. 93).
**Орымбет** — **Орымбет**, Нурымбет, Жәлал, Сулейман (Б. 2. 45).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Орынбай I** — Оймаўыт билән **Орынбай**,
*Нуртайдан соң болған екен (Б. 3. 67).*
**Орынбай II** — Бар екен **Орынбай** деген бай улы,
Миймянға қонмаға саз екен үйи (А. 2. 62).
**Оспан I** — өзимнен кейинги бир қосшым **Оспан** (О. 2. 41).
**Оспан II** — Зар әйледи **Оспан** билен Бернияз (А. 2. 164).
**Оспан III** — 644—656-жыллары Ислам динин раўажландырған үшинши шәрьяр.
**Оспан**, Әлий төрт шәрьяр,
Пайғамбардың ярапы екен (Б. 3. 56).
**Отарбай** — Алтыншы **Отарбай** келтелеў өзи (Б. 1. 304).

## - Ө -

**Өзбек** — Шежире бойынша өзбеклердиң бабасы.
**Өзбек** яшында үйленди,
Он бешинде уллы болды (Б. 2. 147).
**Өмир** — **Өмир** саркатиби, Рафик йолдашы (А. 2. 57).
**Өтеген** — Оннан соңғысы Айтымбай,
Улы **Өтеген** болған екен (Б. 1. 206).
**Өтемис** — Жолдасымның аты еди **Өтемис** (О. 2. 36).
**Өтемурат** — Бизиң **Өтемурат** болмаған уста (А. 2. 153).
**Өтеп I** — Ол Аймурат, **Өтеп** қара,
Сениң менен жора мурап (А. 2. 46).
**Өтеп II** — **Өтеп** бақсы Алланияз,
Ҳар жағынан қосығы аз (Б. 2. 137).
**Өтепберген I** — Молла Пирим, **Өтепберген** бай өтти (А. 2. 55).
**Өтепберген II** — **Өтепберген** сен ышқыпаз (А. 2. 74).
**Өтеш** — Қарақалпақ шайыры **Өтеш** Алшынбай улы (1828—1902).
Шайыр Өтеш айтты хақтың сөзини (Ө. 2. 16).

## - П -

**Палман** — Дәстеде турған жеринде,
Кепсин деди **Палман** бизге (Б. 1. 168).
**Палмухаммед** — Қулақ салғыл **Палмухаммед** жан жорам (А.2. 112).
**Палўан** — Хожектиң баласы **Палўан** ҳәм Әмет,
Айтысынан артқан күшлери барды (Б. 1. 157).
**Палўанияз** — **Палўаниязды** қақсатып (А. 2. 117).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Пalым I** — Қубла жақтан келди **Палым** (А. 2. 109).
**Палым II** — Анаў жүрген **Палым** лаққы (Б. 2. 47).
**Палымбет I** — **Палымбеттей** таздың қуны (О. 2. 112).
**Палымбет II** — **Палымбет** қарамас дүнья малына (А. 2. 111).
**Пирим I** — Молла Пирим Бозатаўдағы Қорғанды басшылық етип салдырады ҳәм 1858—1859-жыллардағы көтерилисте қаланы қорғаўды басқарады.
Қала басы болдың молла **Пирим** (Ә. 1. 38).
**Пирим II** — Анаў жүрген **Пирим** шолақ (Б. 2. 48).
**Пирим III** — Менмен болма **Пирим** байдай (Б. 2. 71).
**Пиримбет** — Әкемниң аты **Пиримбет** (Ө. 2. 41).
**Пирман I** — Көлге **Пирман** аў салайық (Ө. 2. 50).
**Пирман II** — **Пирман** байдай неге бахтым кеспейди (О. 2. 29).
**Пирман** бай саўлатын көрдим (Ө. 2. 20).
**Пирназар** — Сени сатқан Гүлбазар ҳәм **Пирназар** (О. 2. 59).
**Полат** — Мырза **Полаттың** бабасы,
Аты шыққан Амангелди (Б. 1. 220).
**Полатбек** — Ҳасанның улы **Полатбек** (Б. 2. 165).

## - Р -

**Разы** — Шежире бойынша қарақалпақлардың бабасы.
Мәликтиң улы — **Разы** ҳақ,
Жаслығында қойды ғулпақ (Б. 1. 193).
**Рафик** — Өмир саркатиби, **Рафик** йолдашы (А. 2. 57).
**Рәметулла** — Ким болды Арзы аталықтай,
**Рәхматулла** болған екен (Б. 1. 209).
**Рейим** — **Рейим** деген бул хожадур (А. 2. 155).
**Розым** — **Розымның** йигитлиги,
Хийўалы қызға билинди (А. 2. 85).
**Рустем I** — Фердаусийдиң «Шах-нама» поэмасының қаҳарманы.
Қырқ йигитиң барды **Рустем** йүрекли (А. 2. 86).
Йигитлери бардур **Рустем** сыпатлы (Ә. 1. 61).
**Рустем II** — Дайысы ушын **Рустем** инақты.
Қарқыратып шалған екен (Б. 3. 65).

## - С -

**Сағыр** — Аның улы Үмми Султан,
Уллы улы **Сағыр**, Сәрсан (Б. 3. 64).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Садық** — Төремурат бийиў, Сапарниязы,
Кәдирберген, **Садық** хәм Абылғазы (Ә. 1. 62).
**Сайбек** — Ийбақ, **Сайбек**, Шегир — қуйрық қанатың (А. 2. 55).
**Сайеке I** — Ўәде айттың **Сайекелей** шәртикке (О. 2. 82).
**Сайеке II** — **Сайекениң** аты бақсы (Б. 2. 137).
**Сайман** — Мергенликке **Саймандь**ı айт (Б. 1. 248).
**Сайым** — Атың сениң молла **Сайым** (Б. 2. 123).
**Сайымбет** — **Сайымбетжан** един бизлерден киши (К. 2. 37).
**Сайыт** — Әкең **Сайыт** — суўпы-ийшан (А. 2. 155).
**Салый** — Атаңыз Палўанияз, өз атың **Салый** (А. 2. 84).
**Самбет** — Қулақ сал **Самбет** баласы (Б. 1. 118).
**Самурат** — Ағамыз Әўез бий, Кәтқуда **Самурат** (Ә. 1. 161).
**Сапар** — **Сапар**, Мырза, Арзыў, Еримбет қыйпан (Б. 2. 45).
**Сапарбай** — Масқара болған **Сапарбай** (А. 2. 160).
**Сапарнияз** — Төремурат бийиў **Сапарниязы** (Ә. 1. 62).
**Сарыбай** — Толыбай улы **Сарыбай** (Б. 2. 164).
**Сатбан** — Мүйтеннен барып-аў бул Қара **Сатбан** (Ө. 2. 86).
**Саўыт** — Шарайна, Әлибек, **Саўыт** бий (Б. 3. 63).
**Сәдирбек** — **Сәдирбек** йүзбашы Сәксан бий (Б. 3. 63).
**Сәке** — **Сәкең** бир жигит зәбердес (А. 2. 52).
**Сәксен** — Сәдирбек йүзбашы **Сәксан** бий (Б. 3. 63).
**Сәңкибай** — Хәр бир жигит болдым десе,
**Сәңкибайдай** болған емес (А. 2. 51).
**Сәрсен** — Уллы улы Сағыр, **Сәрсен** (Б. 3. 64).
**Сәрсенбай** — **Сәрсенбай** даң молла үйиңе кирип (А.2. 69).
**Сейилхан I** — **Сейилхан** атлы яўмытқа (А. 2. 145).
**Сейилхан II** — Шежире бойынша **Сейилхан** түркменлердиң бабасы.
Майқының улы Жайылған,
Йәне бириси **Сейилхан** (Б. 2. 148).
**Сейит I** — Боламекен деди **Сейит** (Ө. 2. 50).
**Сейит II** — Бириси — Аманбай, **Сейит**, Қалмурат (А. 2. 39).
**Сейитмурат I** — Бириси **Сейитмурат** хәм Дәўлетназар (О. 2. 88).
**Сейитмурат II** — Бириси Марқабай, бири **Сейитмурат** (А. 2. 39).
**Сейиткамал** — Қулақ кескен **Сейиткамал** (Б. 2. 87).
**Сейитназар** — **Сейитназар** хәм Сейтек деген (Б. 2. 138).
**Сейтек** — Сейитназар хәм **Сейтек** деген (Б. 2. 138).
**Сейфулғабийт** — Шайыр **Сейфулғабийт** Мәжитов (1867—1938).
Сөз еситиң Ораз, Сейфулғабийттен (А. 2. 39).
**Сеңгирбай** — Байымнан Сүйин, **Сеңгирбай** (Б. 3. 62).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Серек** – Кутлымурат **Серек** деген,
Хеш нәрсеге керекпекен (Б. 2. 137).
**Серемурат** – **Серемурат** жан инимсен (А. 2. 151).
**Сержан** – **Сержан** найып деген беглери бардур (Ә. 1. 62).
**Султамурат** – **Султамурат** Кесе етектен (А. 2. 113).
**Султан I** – Йәне бири **Султан** екен (Б. 2. 164).
**Султан II** – Бул казакка хан болып өткен **Султан шыйык** (Ә. 1. 83).
**Султан III** – **Султан** максым, бир кыз сәлем жибермиш (А. 2. 156).
**Сүгиримбет** – Омар шайырдың әкеси Қ. Омар.
**Сүгиримбеттиң** Омарын да,
Ертип бизге ала келди (Б. 1. 109).
**Сүйин I** – Байымнан **Сүйин**, Сеңирбай (Б. 3. 62).
**Сүйин II** – Аннакул, Аймурза, **Сүйин** орысы (Ә. 1. 117).
**Сүйиндик** – Хожаназар, **Сүйиндик**, Толас,
Еренлерден болған нәпес (Б. 3. 62).
**Сүйир** – **Сүйир** батыр, Қарабас, Нуртай,
Қарлыбай бий болған екен (Б. 3. 63).
**Сүйирбек** – Қаракалпақ шайыры Омардың әкеси. Сүгиримбет, Қ. Сүгиримбет.
Буны айтқан **Сүйирбектиң** Омары (О. 2. 59).
**Сулайман I** – Диний китапларда пайғамбар аты.
Жер көктеги **Сулайманның** хәмирин бер (Б. 2. 101).
**Сулайман II** – Орымбет, Нурымбет, Жәлал, **Сулайман** (Б. 2. 45).
**Сулайман III** – Жәмшит **Сулайман**, Ердарап,
Султан, Мухмуд ел сорап (Ж. 1. 26).
**Сулайман IV** – Собрания курар елинде ятып,
**Сулейман** хат язар ахун саркатип (А. 2. 63).

## - Т -

**Тағай** - Куўаныш батыр, **Тағай**, Тоғай,
Ол Толасның зүрияды екен (Б. 3. 63).
**Таймасбек** – **Таймасбек** қыяттың палўан баласы (А. 2. 97).
**Тайыр I** – «Тахир-Зухра» дәстанының қахарманы.
Зухра-**Тахир** янлыды (Ө. 2. 48).
**Тайыр II** – Қаўынын жедирдиң молла **Тайырдың** (Б. 1. 311).
**Таспола**т – Балғаш **Таспола**т гүрленли менен (А. 2. 81).
**Таўмурат** – Қапа қылма **Таўмураттай** ағаңды (О. 2. 81).
**Тәжен** – Әжен, **Тәжен** деген бийи бар екен (А. 2. 63).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Тәжетдийин** — **Тәжетдийин** — маариф, муғаллим басы (А. 2. 40).

**Тәжи** — Атасы Әбил кәткуда, молла **Тәжидур** ағасы (Ә. 1. 81).

**Тәжимурат** — Бир қыз шыққан **Тәжимурат** болыстан (А. 2. 51).

**Тәпберди** — Бир көшениң жас үлкени **Тәпберди** (А. 2. 63).

**Тәўке** — 1680—1718-жыллары қазақ, қарақалпақларды басқарған қазақ ханы

Өткен залым **Тәўке** хан (Ж. 1. 26).

**Теке** — Шежире бойынша түркменлердиң теке-яўмыт урыўының бабасы.

**Теке**, Кене бири Мамыт (Б. 2. 150).

**Телжан** — Ендиги екеўи түсти **Телжанға** (Б. 1. 308).

**Темир** — 1370—1405-жыллар арасында Мавереннахр әмири болған. Ол ақсақ Темир, Темир Ләң, Әмир Темир Көреген деген атлары менен тарийхта белгили.

Әмир **Темир** көреген (Ж. 1. 27).

**Тенел** — **Тенелдиң** яр болғай кәдир құдайы (А. 2. 159).

**Теңизбай** - Ырасынды бизге айтсаң **Теңизбай** (О. 2. 44).

**Тилеп** — **Тилеп** отыр Бегзаданы мапалап (А. 2. 111).

**Тилеўша** — Көше гезип не боларын билмеген.

**Тилеўшаның** «бий» баласы бар екен (А. 2. 63).

**Тоғай** - Қуўаныш батыр, Тағай, **Тоғай**,

Ол Толасның зүрияды екен (Б. 3. 63).

**Тоғанай** — Исмайыл билән **Тоғанайдай**,

Қултай баба болған екен (Б. 3. 63)

**Тоқпақ** — Қыялый қойылған адам аты.

«Ҳәким ата, **Тоқпақ** ата қолла» — деп (А. 2. 123)

**Тоқтамыс** — Алтын Орданың ханы (1380—1395)

Жәнибек хан ҳәм Жанай хан,

Аның уғлы **Тоқтамыш** хан (Б. 3. 62).

**Тоқтамыстан** арарағырақ,

Шыңғыс ханды билермисең? (К. 2. 32)

**Тоқымбет** — **Тоқымбет** пенен қызға барып (А. 2. 105).

**Толас** — Хожаназар, Сүйиндик, **Толас**,

Еренлерден болған нәпес (Б. 3. 63).

**Толыбай** - Ақәдил уғлы **Толыбай** (Б. 2. 164).

**Толыбек** — Қалбек уғлы Қулжан, **Толыбек**,

Ол ҳәм екки болған екен (Б. 2. 163).

**Томай** — Базарғулпақтың уғлы **Томай** (Б. 2. 164).

**Томаўыл** — Бириниң аты **Томаўылды** (Б. 2. 152).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Төленберген** -- **Төленберген** келе сала асылды (Б. 1. 311).
**Төре** — Айдос бийдиң баласы
Айдос бийдиң қос улы,
Ырза, **Төре** баласы (Б. 1. 289).
**Төребай** — **Төребайы**. Алламурат,
Қурбан менен Султанмурат (А. 2. 113).
**Төребек I** — Үргениш йуртында бегим **Төребек** (Ә. 1. 44).
**Төребек II** - **Төребек** Мырзадур баласы,
Бул ҳәм төре болған екен (Б. 3. 64).
**Төремурат** — **Төремурат** бийиў, Сапарниязы (Ә . 1. 62).
**Төренияз I** — Ҳалынды бил қарап отыр, **Төренияз** (А. 2. 164).
**Төренияз II** — **Төренияз** бий және Ҳәким, Нурлыбай (Ә. 1. 62)
**Төреш** — Шын атың **Төрешдур**, лақабың соқыр (А. 2. 68).
**Турды** — **Турды** — мыйқы деген «бийи» бар екен (А. 2. 63).
**Турдымурат I** — Қошай — «Союз», **Турдымурат** — малия (А. 2. 39).
**Турдымурат II** — **Турдымурат** ғайырдыкер маңғытлы (О. 2. 82).
**Турсынбек** — Көз салып қайқы **Турсынбек** (А. 2. 80).
**Турхожа** — Жыл ҳафыз уғлы **Турхожа** (Б. 3. 63).
**Турым I** — XIX әсирдиң басларында жасаған қарақалпақтың бийи.
Махмуд аталық, **Турым** бий (Б. 1. 206).
**Турым II** — Турын деди **Турым** молла яранлар (А. 2. 97).
**Түбек** — Полаттың уғлыдур **Түбек**,
Уғлы төртеў болған екен (Б. 2. 165).
**Түйебай** — **Түйебай** батыр болған екен (Б. 2. 166).
**Түркмен** — Шежире бойынша түркменлердиң бабасы.
Бири **Түркмен**, бири Бухар,
Ол Әўез бий болған екен (Б. 3. 63).
**Түркменбай** — **Түркменбай** да булар менен туўысқан (Б. 1. 304).
**Түўелбек** — Есен, **Түўелбек**, Полаттай,
Қайсы батыр болған екен (Б. 2. 166).
**Тыным** — Қулымбет пенен **Тынымдай**,
Қайда болса жүргениңиз (А. 2. 83).

## - Ү -

**Үдербай** — Бесиншиси **Үдербайдур** ғайратлы (Б. 1. 304).
**Үмми Султан** — Анның уғлы **Үмми Султан** (Б. 3. 64).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## - Ф -

**Фазыл** — Кобасанлы **Фазыл** кызын (А. 2. 147).

**Фазылбек I** — Бий болып Қытайда **Фазылбек** өтти (Б. 2. 139).

**Фазылбек II** — **Фазылбек** ишсе бер набат (Ә. 1. 200).

**Фархад** — Наўайының «Фархад хәм Шийрин» поэмасынын қахарманы.

өтти ашық болып **Фархад** (Ө. 2. 48).

**Фердаусый** — Фердаусый Әбилкасым (940—1030) — парсы-тәжик әдебиятының уллы шайыры.

**Фердаусыйдай** дана бар ма? (Б. 2. 41)

**Фызыўлы** - Фызыўлы Мухаммед Сулайман оғлы (1494—1556) — азербайжан шайыры.

**Фызыўлыдан** дүрлер шаштым (Б. 2. 40).

## - Х -

**Хангелди** — Оннан **Хангелди**, Жангелди (Б. 2. 164).

**Хансултан** — Қазақ ишинде **Хансултан** (Б. 3. 61).

**Хатамтай** — Қыялый шығарылған сақый адамның аты.

Сақыйлықта **Хатамтайға** жарысқан (А. 2. 51).

**Хожагелди** — **Хожагелди**, Ҳажыгелди,

Ҳажыгелди әўели бек боды (Б. 2. 164).

**Хожай** — Айманнан Бердибек, **Хожай** (Б. 1. 206).

**Хожақул** — Жанузақ, **Хожақул**, бири Ырзатай (А. 2. 126).

**Хожамет I** — Батырдан **Хожамет** мүйтенде болды (Ө. 2. 95).

**Хожамет II** — **Хожаметтиң** аз маз бардур беглики (А. 2. 67).

**Хожамжар** — **Хожамжар** билән Келияр,

Түйебай батыр болған екен (Б. 3. 62).

**Хожамурат** — **Хожамурат** үйде жатсын (А. 2. 110).

**Хожаназар I** — **Хожаназар** жекке қалып жүре алмай (Ө. 2. 82).

**Хожаназар II** — Сәрдарыны тирилей тутып,

**Хожаназар** батыр болған екен (Б. 3. 65).

**Хожахмед** — Мадинада Мухаммед,

Түркстанда **Хожахмед** (Б. 1. 240).

**Хожек** — **Хожектиң** баласы Палўан хәм Әмет (Б. 1. 157).

**Хожеке** — **Хожеке** куссыз бос қалды (Б. 2. 195)

## - Ҳ -

**Ҳажыбай** — Қулжаман қазы **Ҳажыбай** (Б. 3. 63).

**Ҳажыгелди** — **Ҳажыгелди** әўел бек болды (Б. 2. 164).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Ҳапыз** — **Ҳапыз** мақсым деген «бийи» бар екен (А. 2. 64).

**Ҳәбийбулла I** — Сол акшам таяқ жеп **Ҳәбийбулладан** (А. 2. 70).

**Ҳәбийбулла II** — Әўел шайхы **Ҳәбийбулла** (Б. 1. 241).

**Ҳәким I** — Ислам дининиң Қуран китабында ушырасатуғын қыялый адам аты

«**Ҳәким** ата, Тоқпақ ата қолла», — деп (А. 2. 123).

**Ҳәким II** — Төренияз бий ҳәм **Ҳәким**, Нурлыбай (Ә. 1. 62).

**Ҳәмийдулла** — Ел аман ба **Ҳәмийдулла** қотыраш (О. 2. 43).

**Ҳәмра** — «Ҳүрлиқа — Ҳәмра» дәстанының қахарманы.

**Ҳәмра** менен Ҳүрлиқадай (Ө. 2. 49).

**Ҳәсен** — Қалмамбет, Ермәмбет, **Ҳәсен**, Абылай (Ә. 1. 62).

## - Ш -

**Шаббаз** — Шайх Аббаз Ўәлий.

**Шаббаз** Ўәлийдин башқадин,

Нәтийже таппаған екен (Б. 3. 64).

**Шайман** — Дуйым журтты шарлаған,

Бийўәжликке **Шайманды** айт (Б. 1. 248).

**Шайыхназар** — Ақыллы Мәмбети, **Шайыхназары**,

Алардың саўашын көрген Есқәлий.

**Шақ** — Шежире бойынша Қыпшақ руўының бабасы.

Және бириниң аты **Шақ**,

Қытай, Қыпшақ болған екен (Б. 1. 194).

**Шалабай** — **Шалабай** сөзге масақшы (Б. 2.137).

**Шалысбай** — Оразай, Мамыр, бий **Шалысбай**,

Алты ата болған екен (Б. 2. 172).

**Шамай** — Шул урыста **Шамай** янсыз бар екен (А. 2. 106).

**Шамурат I** — Артық бийи, **Шамурат** йәна Қарлыбай (Ә. 1. 62).

**Шамурат II** — **Шамурат**, ўаллами Дәнияр,

Барып көрди Амангелди (Б. 1. 221).

**Шанияз** — Шайыр Әжинияз Қосыбай улының иниси.

Мухаммеднияз, **Шанияз** еки инимә (Ә. 1. 178).

**Шарайна** — **Шарайна**, Әлибек, Саўыт бий (Б. 3. 63).

**Шәлий** — **Шәлийди** айтпа, Жанайды айт (Б. 1. 249).

**Шәмшетдийин** — Бири **Шамшетдийин** Абдулла улы (А. 2. 81).

**Шәррик** — **Шәррик** келип Қоңыратты шапқанда (А. 2. 86).

**Шәҳәрбай I** — Бир жақсы ат бар **Шәҳәрбайда** (А. 2. 145).

**Шәҳәрбай II** — Соннан туўылды **Шәҳәрбай** (Б. 1. 132).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Шегир** — Ийбақ, Сайбек, **Шегир** қуйрық қанатын (А. 2. 55).
**Шералы** — Хожаназар улы **Шералы**,
Андын мәхрәм Есенгелди (Б. 3. 63).
**Шериў** — **Шериў** нардек саўаш күни керекли (А. 2.86).
**Шернияз** — Қоңыратта урлық қылды **Шернияз** (А. 2. 164).
**Шоңқара** — Жуман, **Шоңқара**, Атақай,
Жуман бийден туўған екен (Б. 2. 166).
**Шопан** — Аңыз-әңгимелерде жанлық пири деп түсиндириледи. Қыялый шығарылған адам аты.
Жанлық пири **Шопан** ата (К. 2. 32).
**Шорбан** — Қастын тигип **Шорбан** кәл (Ж. 1. 33).
**Шуўақбай** — Жораң қашып кетти **Шуўақбай** менен (А. 2. 86).
**Шүршит** — **Шүршит** қалмаққа уқсадың (Б. 2. 126).
**Шыбан** — Йәне бири **Шыбан** ерди (Б. 2. 152).
**Шылымбет** — Қыят ортасына келдиң **Шылымбет** (А. 2. 99).
**Шыңғыс** — Өз аты Тимучин (1155—1227) — монгол ханы.
Атын **Шыңғыс** қойған екен (Б. 2. 154).
**Шыңғыс** хан айланып орап (Ж. 1. 26).
**Шыңғыс** ханды билермисең? (К. 2. 32).

## - Ы -

**Ырза** — Айдос бийдиң баласы.
Айдос бий йуртның ордасы,
Екки улыл **Ырза**, Төреси (Б. 2. 165).
**Ырзатай** — Жанузақ, Хожақул, бири **Ырзатай**,
Бир атадан төрт ул туўды яранлар (А. 2. 126).

## - Ю -

**Юсип** — Фердаусийдиң «Юсип хәм Зылыйха» поэмасының бас қаҳарманы. Библия китабындағы Иосиф Прекрасный.
өтти **Юсип** хәм Зилийха (Ә. 1. 121).
**Юсип** Зилийха янлыды (ө. 2. 47).

## - Я -

**Яқшыбай** — Ақәдил улы **Яқшыбай** (Б. 2. 166).
**Яқып I** — «Библия» китабындағы Иосиф (Юсип) Прекрасный-диң әкеси Иаков Ханаанский.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сулыўлыкка сәнликке,
**Якыптың** улы Юсипти айт (Б. 1. 249).
**Якып II** — **Якып** мақсым дерлер мениң атымды (А. 2. 111).

## б) Хаял-қызларға байланыслы адам атлары

**- А -**

**Айбийби** — Бессары Нурбийке, **Айбийби** билән (Ә. 1. 145).
**Айбийке** — Дүньяда әрмансыз болар **Айбийке** (О. 2. 79).
**Айгүл** — Анаң Қатийрадур, жеңгеңиз **Айгүл** (Ә. 2. 153).
**Айжан** — Тийеклиде Бахыт, ырғаклы — **Айжан**.
**Айзада** — Еки көзиң қанға толды — **Айзада** (Ә. 2. 202).
**Айман** — Қәндеклиде Жипек **Айман** қыз болур (Ә. 2. 146).
**Аймереке** — **Аймерекеден** басқа мини жоқ (Ө. 2. 28).
**Айпаш** — **Айпаш** келип қуўып кетти Есенбай (А. 2. 83).
**Айсәнем** — Анам орнына **Айсәнем**,
Туўры жолда турагөрсин (А. 2. 58).
**Айша I** — Бар екен бир арыўы, аты оның **Айша** ерур (Ә. 1. 84).
**Айша II** — **Айша**, Патпа деген нигары бардур (А. 2. 115).
**Айым I** — Сүйгиликтиң аты **Айым** (А. 2. 163).
**Айым II** — Құрдасының аты **Айым** (Ө. 1. 146).
**Айымгүл** — **Айымгүл** боларсаң мениң мурадым (О. 2. 61).
**Ақбилек** — Әне сондай болды тилек,
Уллысы еди **Ақбилек** (Б. 1. 364).
**Ақсулыў** — Муйтенде **Ақсулыў**, Маңғытта Гүлзар (Ә. 1. 144).
**Ақшолпан** — Шежире бойынша қарақалпақтың муйтен руўының ураны
*Аны сақлаған* ***Ақшолпан***,
Муйтенге уран болған екен (Б. 2. 150).
**Алма** — Қолдаўлыда **Алма**, балғалы Анар (Ә. 1. 144).
**Алмалы Көрикли** — аңыз-әңгимелер, шежирелер бойынша Шыңғыс ханның анасының аты.
**Алмалы** Көрикли дер атыны,
Хүр периден болған екен (Б, 2. 151).
**Амангүл** — **Амангүл** ғәрип қашан да (А. 2. 73).
**Анар I** — Қолдаўлыда Алма, балғалы **Анар** (Ә. 1. 144).
**Анар II** — *Жыйналып турып хәммеси*,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунын атын **Анар** қойды (Б. 1. 387).

**Арыўхан I** – Шежиредеги мағлыўмат бойынша Арыўхан қарақалпақлардың қыят руўының ураны.

Туўған анасы **Арыўхан**,

Қыятқа уран болған екен (Б. 2. 149).

**Арыўхан II** – Үшинши қызы **Арыўхан** (Б. 2. 82).

- Ә -

**Әзийза** — **Әзийза** хызметкери мүнәсип (А. 2. 130).

**Әнжим** – Қоңыратта бар екен **Әнжимге** ашық (А. 2. 78).

**Әмийна** – Ноғайлыда - **Әмийна** көрсең қалди дал (Ә. 1. 145).

- Б -

**Бағдагүл** – Сағаң батыл болып қалды **Бағдагүл** (О. 2. 81).

**Балжан** – Бақанлыда Айша, Кенегес – **Балжан** (Ә. 1. 145).

**Бахыт** — Тийеклиде **Бахыт**, Ырғақлы Айжан (Ә. 1. 145).

**Бегзада** – Тилеп отыр **Бегзаданы** Мапалап (А. 2. 111).

**Бийайгүл** – Аяқта **Бийайгүл** қолы саналы (А. 2. 50).

**Бийбиайша** — Өлсенши буннан да, арыў **Бийбиайша** (О. 2. 58).

**Бийбиайым I** – Атын сорасаң **Бийбиайым** (Б. 2. 82).

**Бийбиайым II** – Айдос бийдиң зайыбы.

Айдос бийдиң ҳаялы,

**Бийбиайым** сөйледи (Б. 1. 283).

**Бийбигүл I** – Алардың мурадына жеттиң **Бийбигүл** (О. 2. 82).

**Бийбигүл II** – Заўқы сапа дәўран сүрдиң **Бийбигүл** (Ә. 1. 153).

**Бийбижан** — Ҳәр ким ашық **Бийбижанның** өзине (О. 2. 48).

**Бийбизада I** – Ашамайлы қызы **Бийбизада** бар (Ә. 1. 145).

**Бийбизада II** – Андин бетер **Бийбизада** (А. 2. 163).

**Бийбиқатша** – Келгеннен соң **Бийбиқатша** (А. 2. 83).

**Бийбихан** – Бердақ шайырдың қызы.

**Бийбихан** баўырым, Жарымхан жаным (Б. 1. 128).

**Бийбиҳажар** – Аты **Бийбиҳажар** қызның сәрдары (А. 2. 51).

**Бийбиш** – **Бийбиш** ол бир турған қуры бир сымбат (А. 2. 111).

**Бийпат** – Бурыннан жол көрген алымдур **Бийпат** (А. 2. 111).

- Г -

**Генже** – Жазы менен үмит етип **Генжеден**.

Оның менен кеўил хошың бар екен (А. 2. 70).

**Гүлайым I** – Жанымның жанаңы жаным, **Гүлайым** (О. 2. 74).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Гүлайым II** — Сәрдар женгеси **Гүлайым** (Б. 2. 82).
**Гүләндам** — «Бахрам-Гүләндам» дәстанының қаҳарманы.
*Мысалы* Бахрам-**Гүләндам** (Ө. 2. 49).
**Гүләсел** — Аты сорасаң **Гүләселдур** (А. 2. 134).
**Гүлбазар** — **Гүлбазардың** гүлдей көрсең бойлары (О. 2. 71).
**Гүлбий** — **Гүлбий** көп уўайым, қайғыда қалып (А. 2. 69).
**Гүлжан I** — Бир тыранға алдым **Гүлжан** қызынды (О. 2. 118).
**Гүлжан II** — Бул жақты жәҳәнде **Гүлжан** аман ба? (Ә. 1. 158).
**Гүлжан III** — Ырзаласпай бараман,
**Гүлжан** қарындасым-ай (Б. 1. 301).
**Гүлжүзик** — Киндигин кести **Гүлжүзик**,
Киндик шеше болған екен (Б. 1. 366).
**Гүлзар I** — Десип **Гүлзар** қойған екен (Б. 1. 382).
**Гүлзар II** — Мүйтенде — Аксулыў, маңғытта — **Гүлзар** (Ә. 1. 144).
**Гүлзийба** — **Гүлзийба** қыз гүл янлыды (Ө. 2. 46).
**Гүлзийнеп** — Ағасы Мақсымдур, өзи **Гүлзийнеп** (А. 2. 129).
**Гүлим** — **Гүлим** қыз болып ержетти,
Атасы картайған екен (Б. 1. 336).
**Гүлимхан I** — Қоңыратта **Гүлимхан** жүзинде қалы (А. 2. 50).
**Гүлимхан II** — Оның женгеси **Гүлимхан** (Б. 2. 82).
**Гүлпаршын** - **Гүлпаршын** қызлардың гәўҳары болды (Ө. 2. 93).
**Гүлхан** — **Гүлхан** бийшараңы қосып сабадың (А. 2. 120).
**Гүлшад** — Үйине бир кирип, бир шығар **Гүлшад** (А. 2. 111).

## - Ж -

**Жамал** — Соркөлде — Ултуўған, етекте — **Жамал** (Ә. 1. 144).
**Жанбийби** — Шүйитте Ырысбийке, **Жанбийби** билән (Ә. 1. 145).
**Жаңыл I** — Қазаяқлы **Жаңыл**, Ҳүрбийби билән (Ә. 1. 145).
**Жаңыл II** — Қанлыда **Жаңыл** қыз Қуникей билән (Ә. 1. 145).
**Жарымхан** — Бердақ шайырдың қызы.
Бийбихан баўырым, **Жарымхан** жаным,
Сизлерсиз дүньяда әзиз миймaным (Б. 1. 128).
**Жипек** — Қәндеклиде **Жипек** деген қызлар бар (Ә. 1. 145).
**Жығагүл** — **Жығагүл** дилбарым енди өзиң бил (Б. 1. 88).

## - З -

**Зийўархан** — **Зийўарханға** бизден сәлем (А. 2. 82).
**Зилийха I** — Фирдаусийдиң «Юсип ҳәм Зилийха» поэмасының бас қаҳарманы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аты Оралхандур **Зилийха** йузи (А. 2. 130).

**Зилийха II** – Бәрин айтта, бирин айт,
**Зилийха** атлы ярын айт (Б. 1. 249).

**Зухра** – «Тахир—Зухра» дәстанының бас қаҳарманы.
Тахир – **Зухра** янлыды (Ө. 2. 48).

**Зухрахан** – Араллыда аты **Зухрахан** билән (Ә. 2. 145).

## - Қ -

**Қаныкей** – Аржақта **Қаныкей**, қыпшақта Орал (Ә. 1. 144).

**Қарқара** – Шайыр Бердақ Ғарғабай улының анасы.
**Қарқаранды** шопаққа алған емес пе? (Ө. 2. 91).

**Қатша** – Беглер тәрийп етсем **Қатша** перийди (Ә. 1. 151).

**Қатыйра** – Анаң — **Қатыйрадур**, женгеңиз — Айгүл (Ә. 1. 153).

**Қуникей** – Қанлыда Жаңыл қыз **Қуникей** билән (Ә. 1. 145).

**Қызжипек** – «Қыз Жипек» дәстанының қаҳарманы.
Көрсең **Қызжипек** янлыды (Ө. 2. 49).

**Қызминайым** – Ашық-машық **Қызминайым** (Ө. 2. 49).

## - Л -

**Ләйли** – Жақын Шығыс ҳәм Орта Азия халқына кең тарлған «Ләйли ҳәм Мәжнүн» ертегиниң қаҳарманы.
**Ләйли**-Мәжнүн хүр янлыды (Ө. 2. 47).

## - М -

**Мазлымхан** – Шул гөззал жананның аты **Мазлымхан** (А. 2. 133).

**Мәлийка** – Ҳүрий, ғулманыў **Мәлийка** (Ә. 1. 121).

**Мәрзия** – **Мәрзияңыз** күнде қашар,
Бул сөзимде жалған бар ма? (А. 2. 152).

**Мәсхан** – Қуйын Жамал қызы Мәсхан-Аяпберген шайырдың заманласы.
Исми **Мәсхандур** шул қыздың аты,
Мегзер Шасанемге ҳаслы ҳәм заты (А. 2. 50).

**Мәҳийда** – Екинши қызы **Мәҳийда** (Б. 2. 82).

**Меңеш** – XIX әсир орталарында жасаған қазақ ақыны. Ол қарақалпақ шайыры Әжинияз бенен бир неше рет айтысқа түскен.
Қызыман Байтурсынның атым **Меңеш** (Ә. 1. 208).

**Минайым** – Жетим қалды Минайым (Ж. 1. 48).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мийирхан I** — **Мийирхандур** исми аты (А. 2. 132).
**Мийрихан II** — Перийден зыят **Мийрихан** (Б. 2. 83).
**Мырзагүл** — Бири тоты, бири бүлбил,
Сапаргүл билән **Мырзагүл.**

## - Н -

**Нәбийра** — Қәлмен байдың қызы молла **Нәбийра** (Ә. 1. 203).
**Нигархан** — Тәсийин саған **Нигархан**,
Шәҳәрбайдың бул тулпары (Б. 1. 133).
**Нурбийке** — Бессары **Нурбийке**, Айбиби билән (Ә. 1. 145).
**Нурлыхан** — Қызы Аралбайдың аты **Нурлыхан** (Ә. 1. 145).

## - О -

**Ораз** — Бәршеден аьла сениң ҳүсни-жамалың, қыз **Ораз** (Ә. 1. 81).
**Оразгүл** — Сәлемим бул ерур сизге **Оразгүл** (А. 2. 137).
**Орал** — Аржақта Қаныкей, қыпшақта **Орал** (Ә. 1. 144).
**Оралхан** — Аты **Оралхандур** Зилийха йүзи (А. 2. 130).

## - Ө -

**Өтебийке** — **Өтебийке** өзиңе саз (А. 2. 74).

## - П -

**Патпа** — Айшa, **Патпа** деген нигары бардур (А. 2. 115).
**Пилләә** — Сыйға берип қыз **Пилләны**,
Айдос баба алған екен (Б. 3. 67).

## - Р -

**Разия** — Дошның қызы **Разия** қыз болып (А. 2. 140).
**Рахия** — Шахизада қыз билән **Рахия**,
Саў саламат болагөрсин (А. 2. 59).
**Рахыйма** — **Рахыймадан** тәлим алған екенсең (А. 2. 160).
**Рәўшан** — Бесинши қызы **Рәўшан** (Б. 2. 82).

## - С -

**Сапаргүл** — Бири тоты, бири бүлбил,
**Сапаргүл** билен Мырзагүл (А. 2. 59).
**Сарыгүл** — Жуптасы **Сарыгүл** тәғдирде жазған (А. 2. 55).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Саятхан** — Шасәнем, **Саятхан** дүньядан кешти (А. 2. 130).
**Сәлийма** — Қурбаның болай, **Сәлийма** (О. 2. 70).
**Сәнәўбар** — Сениң қасында жоқ зағша **Сәнәўбар** (Ә. 1. 145).
**Сәнем** — Қ. Шасәнем
Ғәриптей **Сәнемниң** қулы болмасам (Б. 1. 88).
Ләйли, Зуҳра, Сәнем яңлығ сүўрети (Ә. 1. 52).
**Сәрбиназ** — Мәгар болса **Сәрбиназдың**
Көзлерине ай көринди (А. 2. 67).
**Сәрназ** — Бир зағыйбы **Сәрназ** екен (Б. 2. 148).
**Сулыўхын** - **Сулыўхан** кеттиң биймурат (Б. 1. 327).

## - Т -

**Турсынбийке I** — Шешең **Турсынбийке** әкең Досжанды (О. 2. 43).
**Турсынбийке II** — **Турсынбийке** етти мойынтаўлықты,
Ала алмадың Досан бала (А. 2. 73).
**Тыныкей** — Қыпшақта биз билдик **Тыныкей** билән (Ә. 1. 145).

## - У -

**Улмекен** — Синлиси **Улмекен**, шашлары сия (А. 2. 130).
**Ултуўған** — Соркөлде **Ултуўған**, етекте Жамал (Ә. 1. 144).
**Улша** — Айшасаң — **Улшасаң** журтта бир өзиң,
Бекбосынның айтса, бир аўыз сөзин (А. 2. 69).
**Урқыя** — **Урқыяның** еби бар өзин гизнерге (А. 2. 111).
**Ушеке** — **Ушекениң** Қудияры,
Бул дүньяға келди кетти (А. 2. 66).

## - Ү -

**Үзилдик** — Майпозда — **Үзилдик**, Қаныкей билән (Ә. 1. 145).

## - Х -

**Хансулыў** — Байлепестиң **Хансулыўы** кетипти (А. 2. 110).

## - Ҳ -

**Ҳүрбийби** — Қазақлы Жаныш, **Ҳүрбийби** билән (Ә. 1. 145).
**Ҳүрбийке** — Молла **Ҳүрбийкеге** (А. 2. 170).
**Ҳүрзада** — Әжинияз шайырдың қызы.
Бойның бурып, **Ҳүрзадажан** ғам йемә (Ә. 1. 165).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Хүрлиман** – Бердақ шайырдың қызы.
**Хүрлиман** сен хәммесинен тәўирим (Б. 1. 128).

## - Ш -

**Шахизада** – **Шахизада** қыз билән Рахия,
Саў-саламат болагөрсин (А. 2. 59).
**Шахсәнем** – «Ғәрип-ашық» дәстанының қаҳарманы.
**Шахсәнем**, Ләйлидей жүрип пәраўан (Ә. 1. 54).
**Шийрин** — Наўайының «Фархад хәм Шийрин» поэмасының қаҳарманы.
Мысалы **Шийрин** янлыды (Ө. 2. 48).
**Шийринхан** – Аржакта **Шийринхан** ләбинде палы (А. 2. 50).

## - Ы -

**Ырысбийке** — Шүйитте **Ырысбийке**, Жәнбийби билән (Ә. 1. 145).

## Фамилия хәм әке атлар (отчество)

**Абдулла улы** – Бири Шамшетдийин **Абдулла улы** (А. 2. 81).
**Асан уғлы** – **Асанның уғлы** Полатбек (Б. 2. 165).
**Әлимбет улы** – Бири Алламберген **Әлимбет** улы (А. 2. 81).
**Әмет улы** – **Әмет улы** Дәўмен келди (Б. 1. 110).
**Боранбай улы** – **Боранбай улы** Жәметсен (Б. 2. 143).
**Дәўим уғлы** – Мәмбетназар **Дәўим уғлы** (А. 2. 102).
**Жәнибек уғлы** – **Жәнибек уғлы** Айдар, Әлибек (Б. 2. 162).
**Ибрайым** – Адҳам - Мусылман динине берилген, сол ушын рәхәт турмыстан ўаз кешкен адам. Ибрахим ибн Адҳам (шама 776—783-жж. ар).
**Камал улы** – **Камал улы** Кәмил келди (Б. 1. 110).
**Майқы уғлы** – **Майқының уғлы** Жайылған (Б. 2. 148).
**Мәмбет улы** – **Мәмбеттиң улы** Есенгелди (Б. 3. 63).
**Муқаш уғлы** – **Муқаш уғлы** Мәжит — халқының соты (А. 2. 40).
**Ниязов** – Ешимбет **Ниязов** – шөлкемниң басы (А. 2. 57).
**Сүйиндик уғлы** — **Сүйиндик уғлы** Ерим бий (Б. 3. 63).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Әдебий лақаплар

**Ғәрип** — шайыр Аяпберген Муўсаевтиң әдебий аты.

Бес алты ағыз тәрийп қылды бул **Ғәрип** (А. 2. 58).

**Зийўар** — шайыр Әжинияз Қосыбай улы.

Қалпақтың кәмийне **Зийўары** барды (Ә. 1. 34).

**Мағрип** — Түркмен шайыры Мақтымқулы (1730—1782).

Мақтымқулы — **Мағриптен** үлгилер алып (Ө. 1978. 96-.б.).

**Наўайы** — Өзбек шайыры Әлийшердиң әдебий аты, рас аты Нызаматдийин.

**Наўайыдан** саўат аштым (Б. 2. 40).

## Лақап атлары

**аўсар** — Досым **аўсар** бабаң сениң (Б. 2. 125)

**кереқ** — Әкең сениң Есет **гереқ** (Б. 2. 127)

**жәнжел** — Шықылықлап Айтым **жәнжел** (А. 2. 75)

**жыртық** — Шайыр А. Муўсаевтиң Мәтен шайырға қойған лақабы

Мәтен **жыртық** шайыр болған емес пе? (А. 2. 59)

**кәл** — Қастын тигип Шәрбан **кәл** (Ж. 1. 33)

**қыйқы** — Көз салып **қыйқы** Турсынбек (А. 2. 80)

**қақбас** — Әкең еди Қосым **қақбас** (ө. 2. 36)

**қара** — Ол Аймурат, өтеп **қара**,

Сениң менен жора мурап (А. 2. 46)

**қақарақшы** — Қосым **қарақшы** нөкериң (Б. 2. 126)

**қоқыр** — Сени хәм **өпермиз** Мәмбетбай **қоқыр** (А. 2. 68)

**қотыр** — Кешиўдеги Худайберген **қотырды** (А. 2. 71)

**қотыраш** — Ел аман ба Хәмийдулла **қотыраш** (О. 2. 43)

**қыйпаң** — Сапар, Мырза, Арзыў, Еримбет **қыйпаң** (Б. 2. 45)

**лаққы** — Анаў жүрген Палым **лаққы** (Б. 2. 47)

**ләўзе** — Әйтекедей **ләўзелери** бар екен (О. 2. 117)

**мақаў** — Ҳеш көрмедим Аманбайдай **мақаўды** (О. 2. 104)

**маңқа** — Лалаўлап қайтарған Алланияз **маңқа** (О. 2. 104)

**мыйқы** — Турды **мыйқы** деген бийи бар екен (А.2. 63)

**орыс** — Аннақул, Аймурза, Сүйин **орысы** (Ә. 1. 117)

**панар** — Атаң Алламурат **панар** (Ө. 2. 34)

**сақаў** — Сыбай қонсы қылдың Муўса **сақаўды** (О. 2. 104)

**соқыр** — Шын атың Төрешдур, лақабың **соқыр** (А. 2. 68)



www.ziyouz.com kutubxonasi

**сыйық** — Мен аралап көрмишәм Байбахты улы Қәдир **сыйық** (Ә. 1. 83)

**сыншы** — Қарақалпақтың қыпшақ руўының бийи — Ережеп. Халық оны «Ережеп тентек», «сыншы бий» деген лақапта жүритеди

Ережеп **сыншысыз** киси танымайды (Б. 2. 139)

**таз** — Арба айдаған Қосымбет **таз** (Б. 2. 83)

**шәртик** — Ўәде айттың Сайекедей **шәртикке** (О. 2. 82)

**шолақ** — Анаў жүрген Пирим **шолақ** (Б. 2. 48)

## Атақ атлар (титул)

### - А -

**Ағабег** — **Ағабеглер** сыртым пүтин (Б. 2. 32).

**Ағабий** — Беглербегиге бағынышлы, бирақ ис жүзинде беглербегиден жоқары болған.

**Ағабийде** әдалат жоқ (Б. 2. 29).

**Алтын хан** — монғоллардың мәмлекет баслыларына қоятуғын хүрметли атағы. *Мәселен,* Хотогойтлар династиясының тийкарын салыўшы Шолай Убаши. Хунтайджи (1567—1627) **«алтын хан»** деген атаққа ийе болған. Екинши рет бул атақ Омбо Эрдениге (1659-ж. қайтыс болған), үшинши рет Лубсантайджиге (1696-ж. қайтыс болған) тийисли болды.

Оның патшасы **Алтын хан**,

Уллы патша болған екен (Б. 2. 151).

**Аталық** — Беглербегиге бағынышлы, бийден жоқары болып, оның қараўында бир неше бий болады.

Ниязның уғлыдур Ораз,

Ол **аталық** болған екен (Б. 2. 164).

**Ахун** — Бул сөзимди тыңла Нурмурат **ахун**! (Б. 2. 45).

### - Ә -

**Әмир** — Ең күдиретли әскербасыларды усылай деп атаған.

**Әмир** — Темир көреген (Ж. 1. 27).

### - Б -

**Бай** — Көп мал-дүньяға ийе болған адамға айтылады.

Жоқ болды залымлар — ийшан менен **бай**. (А. 2. 33).

Пирман **байдай** жеге бахытым кеспейди (О. 2. 29).

**Байда** қайыр сақаўат жоқ (Б. 2. 29).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Бег** – Беглер киби дәўран сүре баслады (А. 2. 36).
Инағыў, **бегтиң** баллары (Б. 1. 48).

**Беглер беги** – қарақалпақлардағы ең жоқарғы атақ болып, оған аталықлар ҳәм бийлер бағынады.

**Беглер беги** болып жүрди,
Бир неше ўақ дәўран сүрди (Б. 1. 132).

**Бий** – аталыққа бағынышлы болған урыўлық атақ.

Төренияз **бий** және Ҳәким, Нурлыбай,
Бели ақ пышақлы беглери бардур (Ә. 1. 62).
Жайылған, Майқы **бий** түпки сағамыз (А. 2. 39).
**Бий** болып халқынды сорап Турымың (Ө. 2. 84).
Айдос **бий** дәрьядай тасты (Б. 2. 126).

**Болыс** – Ағаң Әбдираман, **болыс** Орақбай,
Үмид билән қалды иним Аман бол. (А. 2. 44).
Ҳәм мақтап Күлен **болысты** (Б. 2. 31).

## - Г -

**Губернатор** – **Губернатор** буйрық берди болысқа (А. 2. 35).

## - Ж -

**Жүзбасы** - Әскерий атақ. Қараўында жүз нөкери болады. Булар елиўлик, онлықларға бөлинеди. Жүзбасы аталықтың қараўында болған.

Сәдирбек **йузбашы** Сәжан бий (Б. 3. 63).

## - И -

**Ийшан** – Жоқ болды залымлар – **ийшан** менен бай (А. 2. 33).
**Ийшанларда** мириўбет жоқ (Б. 2. 29).

**Инақ** – Өзбеклердиң ҳәм қарақалпақлардың ең ири руў бирлеспелериниң көсемлери.

Болды Мәдемин **инак** (Б. 1. 131).

## - Қ -

**Қазы** – Жаңа дәўирге дейинги халық арасындағы наразылықлардың ҳәм даў жәнжеллердиң түйинин шешетуғын адам.

Түйилген даўды шешпесе,
Оны **қазы** деп ким айтар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Кусбеги** — Ернazar бий немереси,
Ол **кушбеги** болған екен (Б. 2. 165).

- М -

**Мәхрем** — Үфик **мәхрем**, бежит журин (Б. 2. 91).

**Метер** — Қойды кушбеги, **метерди** (Б. 2. 160).

**Мурап** — Бул хәмел аўыл бийи тәрепинен қойылып, көбинесе бәҳәр ҳәм гүз мәўсимлик ис ўақтында суў тармақларын басқарыў ушын хызмет қылған.

**Мураплар** алды тилланы (Б. 2. 49).

**Мырза** — **Мырза** Полаттың бабасы,
Аты шыққан Амангелди (Б. 1. 220).

- Н -

**Найып** — Аталық ҳәм **найып** келди (Б. 1. 94).

- П -

**Патша** — өтти **патша** Искендер (Ж. 1. 26).
**Патша** әдил болған емес (Б. 2. 27).

- С -

**Сәрдар** — Әмин **сәрдардың** жеринде (Ж. 1. 26).
**Султан** — **Султан** Махмуд ел сорап (Ж. 1. 26).
**Суўшы** — Өзи минайым болмаса,
Оны **суўшы** деп ким айтар? (Б. 2. 129).

- Т -

**Төре** — Журт жеген залымлар **төре**, ханлары (А. 2. 36).

- Ў -

**Ўәзир** — Патша, **ўәзир**, губернатор ат қалды (А. 2. 36).

- Х -

**Хан** — Өткен залым Тәўке **хан** (Ж. 2. 26).
Хийўа **ханнан** тақсийм бола баслады (А. 2. 36).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Шәртли қысқартыўлар ҳәм пайдаланылған әдебиятлар

1. Ә. 1. — Әжинияз. - Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы», 1975.
2. Б. 1. — Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. - Нөкис, 1950.
3. Б. 2. — Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис. 1977.
4. Б. 3. — Бердақ. Шежире. Әмиўдәрья журналы, 1972, № 8
5. Ж. 1. — Жийен жыраў. Посқан ел. - Нөкис, 1981.
6. К. 1. — Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. - Нөкис, 1960.
7. К. 2. — Күнхожа. Ел менен. - Нөкис, 1975.
8. А. 1. — Муўсаев А. Шығармалары. - Нөкис, 1960.
9. А. 2. — Муўсаев А. Биринши май. - Нөкис, 1980.
10. О. 1. — Омар Сүгиримбет улы. Таңлаўлы шығармалары. - Нөкис, 1960.
11. О. 2. — Омар шайыр. Айырша. - Нөкис, 1979.
12. Ө. 1. — Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. - Нөкис, 1962.
13. Ө. 2. — Өтеш шайыр. - Нөкис «Қарақалпақстан», 1978.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Кирисиў.......................................................................3

Жеке адам атлары

а) Ер адам атлары.......................................................................6
б) Ҳаял-қызларға байланыслы адам атлары .........................39
Фамилия ҳәм әке атлары (отчество) ..................................45
Әдебий лақаплар.......................................................................46
Лақап атлары.......................................................................46
Атақ атлар (титул).......................................................................47
Шәртли қысқартыўлар ҳәм пайдаланылған әдебиятлар. ...........50



www.ziyouz.com kutubxonasi

**О.Т.САЙЫМБЕТОВ, О.ДОСПАНОВ, Н.О.САЙЫМБЕТОВА**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ КЛАССИК ШАЙЫРЛАРЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ ТИЛИНДЕГИ АНТРОПОНИМЛЕР СӨЗЛИГИ

*(Оқыў-методикалық қолланба)*

Редакторы *Р.Палуаниязова*
Көрк редакторы *И. Сержанов*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Операторы *Н. Қайпбергенова*

**Лицензия: Ал № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 16.06.2013. Форматы 60х84 $^1/_{16}$. Тип «Times KRKP» гарнитурасы. Кегл 10. Офсет усылында басылды. Көлеми 3,25 б.т. шәртли 3,02 б.т есап 2,58 б.т. Нусқасы 500 дана. Буйыртпа № B-37.

«Билим» баспасы. 230100. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

«FARMA PRINT NUKUS» ЖШЖ типографиясында басылды. Мәнзили:
Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 18-жай.

www.ziyouz.com kutubxonasi